- 4.1.1. Menyusun teks percakapan berisi unggah-ungguh ketika meminta ijin kepada orang tua untuk suatu keperluan.
- 4.1.2. Menyusun teks percakapan berisi unggah-ungguh meminta ijin kepada guru untuk suatu keperluan di sekolah.
- 4.1.3. Menyusun teks percakapan tentang unggah-ungguh ketika meminta perhatian dalam membacakan pengumuman di dalam kelas.

- 4.1.4. Menyusun teks percakapan tentang unggah-ungguh meminta perhatian ketika membaca pengumuman di lingkungan tinggal.
- 4.1.5. Menyusun teks percakapan tentang unggah-ungguh memberikan pujian di lingkungan tinggal.
- 4.1.6. Menyusun teks percakapan tentang unggah-ungguh dalam memberikan pujian kepada teman di sekolah.
- 4.1.7. Menyusun teks untuk meminta maaf saat halal bi halal.

D. Tujuan Pembelajaran

Pertemuan 2

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu :

1. Siswa dapat menggunakan unggah-ungguh dalam memberikan pujian kepada orang lain.
2. Siswa dapat menggunakan unggah-ungguh meminta ijin untuk suatu keperluan di lingkungan tinggal maupun di sekolah dengan tepat.

E. Materi Pembelajaran

1. Materi pembelajaran reguler

Unggah-ungguh kanggo aweh Pangalembana / ngalem (Memuji)

Pangalembana marang kanca, sedulur lan sapa wae mujudake srana kanggo aweh panjurung utawa panyengkuyung (motivasi, spirit) tumrap pawongan kasebut supaya tansaya mepeng anggone sinau, gladhen lan kupiya apa wae kanggo nggayuh pepinginane. Sakliyane iku kanthi pangalembana awake dhewe duwe rasa preduli marang liyan (peduli/ simpati/empati) Mula ora ana alane menawa awake dhewe gelem aweh pangalembana marang wong liya.

Ukara kanggo aweh pangalembana upamane :

1. Wah, tulisanmu pancen rapi, cathetanmu ya komplit, Kowe pancen sregep tenan!
2. Sandhanganmu rapi banget dina iki!
3. Tuladha ing wacan :

Lomba Sesorah

Ana sangarepe kaca lemari, Ratri tansah umak-umik. Kadhang kala sirahe melu gela-gelo. Tangane loro melu obah. Kaya wong kang nuduhake. Bu Wasita pirsolahe Ratri, mesem.

Bu Wasito : “Ratri, taksawang kawit mau, kowe kok katon umak-umik ing kaca lemari, lagi ngapa? Kok ya nganggo mic barang”.

Ratri : “Bu, kula menika nembe latihan sesorah, awit minggu ngajeng

ing sekolah menika dipunwontenaken lomba sesorah. Lan kula kepengin sanget tumut lomba menika”.

Bu Wasita : “Ratri, yen ibu priksani anggonmu sesorah iku mau wis apik, nanging prayogane anggonmu gladhen luwih mepeng”.

Ratri : “Inggih, Bu nanging kula menika taksih radi kangelan aggenipun badhe milih-milih tembung ingkang trep tur inggih leres, Bu”.

Bu Wasita : “Wis aja sumelang, bapakmu iku wiwit biyen tekan saiki isih pinter sesorah”.

Ratri : “Menawi mekaten, dhawah kaleresan Bu. Mangke kula badhe nyuwun dipun gladhi kalihan bapak”.

Bu Wasita : “Iya kena wae kowe nyuwun digladhi bapakmu. Nanging luwih becik yen kowe sinau lan nyoba luwih dhisik. Dadi yen mengko bapakmu kondur, mung kari mbenerake lan nambah aperlune wae”.

Ratri : “Kasinggihan Bu, ancas kula panci mekaten, mugi-mugi kemawon bapak enggal kondur saking jakarta nggih, Bu”.

Bu Wasito : “Iya ratri, aku lan kowe kudu tansah ndedonga muga-muga bapakmu tansah pinaringan keslametan”.

Ratri : “Inggih, Bu”.

Piwulang budi pekerti:

1. Pangalembana mujudake srana kanggo aweh panjurung marang wong liya.
2. Yen kowe kepengin bisa kudu wani sinau lan latihan
3. Ora kena umuk yen dialem dening wong liya malah kepara sregep anggone latihan
4. Kudu ngajeni asiling karya wong liya
5. Ora kena nyacad apa kang wis ditindakake wong liya

Unggah-ungguh Njaluk Idi Palilah/ Meminta Ijin

Nalika awake dhewe arep ninggalake omah, arep nindakake samubarang apa wae utawa arep lelungan becike nganggo idi palilahe wong tuwa kalebu bapak utawa ibu guru ing sekolah semono uga nalika lagi bebarengan karo kanca. Kanggo njaluk idi palilah marang kanca bisa nganggo basa ngoko dene menawa njaluk idi palilah wong tuwa kalebu bapak ibu guru prayoga migunakake basa krama kang trep.

Tuladha ukara kanggo njaluk idi palilah :

1. Bud, aku pamit bali dhisik ya?
2. Pak, menawi kepareng kula badhe dhateng griya sakit tuwe kanca kula ingkang nembe sakit!
3. Bu, menawi kepareng kula badhe dhateng wingking!
4. Tuladha ing wacana :

Nyuwun Pamit Dhateng Wingking

Pak Prasetyo lagi nerangake bocah-bocah babagan tata krama. Bocah-bocah padha nggatekake kanthi premati. Wis sawetara Wigdati krasa kepengin nguyuh. Sawise ora tahan maneh, Widati ngadeg banjur ngacungake tangan. Widati ngadeg banjur mlaku alon-alon nyedhaki Pak Prasetyo. Tangan ngapurancang, awak rada mbungkuk, matur alon nanging cetha.

Widati : “Nuwun sewu, Pak. Kula nyuwun idin badhe dhateng Kolah.”

Pak Prasetyo : “Ya kana (Sajroning Widati menyang kolah, Pak Prasetyo nerusake anggone ngendikan).

Pak Prasetyo : “Ya kaya mangkono iku patrape menawa arep nyuwun idin nuduhake rasa urmat marang wong sing disuwuni idin. Mlaku, lungguh, omong, iku kabeh kudu nganggo tata krama (ora let suwe Widati mlebu maneh banjur matur marang Pak Prasetyo.

Widati : “Sampun, Pak matur nuwun”

Pak Prasetyo : “iya padha-padha (Pak Prasetyo karo manthuk-manthuk)

(Widati alon-alon minger banjur lungguh ing papane.

Pak

Prasetyo nerusake pangandikane.)

Pak Prasetyo : “Bocah-bocah, patrape Widati mau iku becik, dadi sadurunge lan sawise nindakake perlune kudu matur, oralali ngaturake panuwun marang sing maringi idin. Bocah-bocah kudu kulina matur terus terang, yen Kepengin menyang kolah aja diampet mundhak lara Wetenge. Bocah-bocah banjur mangerti yen patrape lan ature Widati iku becik, pantes diconto. Sebab iku minangkatuladha tata kramane yan arep nyuwun idin.

Piwulang budi pekerti:

1. Bocah-bocah kudu kulina matur terus terang marang sapa wae
2. Sadurunge lan yen wis rampung perlune kudu matur lan ngaturake panuwun
3. Tata krama sing becik bisa gawe tentreming pikir sing nyawang lan sing nglakoni
4. Yen arep matur karo guru migunakake basa krama sing becik lan patrap sing apik
5. Nggatekake kabeh sing dingendikakake guru

Nyuwun Pamit Bidhal Sekolah

Wekdal sampun tabuh 06.30, Ani sampun badhe bidhal sekolah.

Lajeng Ani nyuwun pamit dhumateng bapak ibunipun. Patrapipun, Ani lumampah alon nyedhaki bapak ibunipun, badan radi mbungkuk lajeng matur alon ananging cetha.

Ani : “Pak, Bu, kula badhe bidhal sekolah rumiyin. Nyuwun donga pangestunipun.”

Bapak : “Iya Nduk, ngati-ati.”

Ibu : “Muga-muga kasil anggonmu sinau.”

Ani : “Amin. Nyuwun pangapunten Pak, kula badhe nyuwun sangunipun.”

Bapak : “O iya, iki sangune.” (nyukani arta kangge Ani)

Ani : “Matur nuwun Pak.”

Bapak : “Iya Nduk.”

Ani salaman kaliyan bapak ibunipun, lajeng salam.

Nyuwun Idin badhe Ndherek Ekstrakurikuler

Beni badhe ndherek ekstrakurikuler karawitan ing sekolah, lajeng Beni nyuwun idin dhumateng bapakipun. Beni lumampah alon nyedhaki bapakipun ingkang nembe ningali TV, lajeng Beni lenggah lajeng matur alon.

Bapak : “Kene Le, lungguh kene. Ana apa?”

Beni : “Nyuwun pangapunten Pak, kula badhe nyuwun idin badhe ndherek ekstrakurikuler karawitan wonten sekolah. Menapa angsal?”

Bapak : “Yo oleh-oleh wae Le. Lha kapan wiwite?”

Beni : “Menika wonten formuliripun Pak.”

Bapak : “O minggu ngarep wiwite, yo kene tak tandha tangani.”

Beni : “Matur nuwun, Pak.”

Bapak : “Sinau sing tenan yo Le.”

Beni : “Nggih Pak.”

Nyuwun Pamit badhe Wangsul

Budi dolan ing omahe Agung, kancane. Wong loro kuwi padha arep garap PR basa Jawa. Sawise garap, bocah loro mau padha omong-omongan. Merga wis sore Budi arep bali, anggane pamit patrape .

Budi :”Gung iki PR basa Jawane mung tekan nomer 5 ta?”

Agung :”Iya, mung tekan nomer 5 wae. Merga sing nomer 6 tekan 10 durung diterangke materine.”

Budi :”Yen mengkana, iki wis rampung PR e.”

Agung :”Iya Bud, nanging aja lali sesuk ana kuis dadi mengko bengi kudu sinau meneh ben sesok isa garap kuise.”

Budi :”Wah bener kuwi, yen ngana gandheng wis sore aku arep bali ndhisik.”

Agung :”O ya, ngati-ati Bud.”

Budi :”Iya Gung, bapakmu ana ngendi aku arep nyuwun pamit.”

Agung :”Kae ana ngarepan lagi siram-siram.”

Budi :”O ya, tak nyuwun pamit.”

Budi marani bapake Agung.

Budi :”Nyuwun pangapunten Pak, kula badhe nyuwun pamit rumiyin.”

Bapak :”O ya Bud, apa wis rampung anggane padha garap PR?”

Budi :”Sampun Pak.”

Bapak :”Lha ora dolan ndhisik?”

Budi :”Benjing malih Pak, menika sampun sonten badhe nyuwun pamit rumiyin.”

Bapak :”O ya, ngati-ati ya.”

Budi :”Nggih Pak.”

Banjur Budi salaman karo ngucap salam banjur bali numpak pit.

F. Metode Pembelajaran

Diskusi kelompok, Permodelan, Tanya Jawab, Penugasan.

G. Media, dan Alat Pembelajaran

Media : PPT

Alat : Laptop, LCD, spidol

H. Sumber Belajar

Suprpto, dkk. 2009. *Basa Jawi Piwulang Budi Pekerti*. Jakarta: Yudhistira.

Bausastra Djawa

Internet

I. Langkah-langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran

1. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan teks berkaitan dengan penggunaan unggah-ungguh Jawa.

2. Kegiatan Inti (50 menit)

- **Eksplorasi**

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian unggah-ungguh memberi pujian dan meminta ijin.
 - ◆ Fungsi unggah-ungguh memberi pujian dan meminta ijin.
 - ◆ Penggunaan unggah-ungguh memberi pujian dan meminta ijin.
 - **Elaborasi**
 Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan diskusi kelompok tentang :
 - ◆ Menyimak teks percakapan tentang unggah-ungguh memberi pujian dan meminta ijin.
 - ◆ Berbagi peran sesuai teks percakapan/naskah.
 - ◆ Memperagakan teks percakapan bersama kelompoknya
 - **Konfirmasi**
 Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :
 - ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
 - ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.
- 3. Kegiatan Penutup (15 menit)**
 Dalam kegiatan penutup guru :
- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
 - Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
 - Merencanakan kegiatan tindak lanjut, yaitu pemberian tugas secara kelompok.
 - Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

J. Penilaian Hasil Pembelajaran

1. Pengetahuan

a. Penugasan

- 1) Teknik penilaian : Penugasan individu
- 2) Bentuk instrumen : Unjuk kerja
- 3) Kisi-kisi :

No	Indikator	Butir Soal
1	Menyusun percakapan unggah-ungguh dapat berupa unggah-ungguh meminta ijin, dan memberi pujian di lingkungan tinggal maupun sekolah.	Kadamelna pacelathon ingkang ngemot salah satunggal unggah-ungguh (nyuwun idi palilah, utawi paring pangalembana)!

4) Pedoman Penilaian

No	Nama siswa	Ketepatan penggunaan bahasa 70 (skor 1)	Kuantitas kalimat percakapan 30 (skor 2)	Total 100


NILAI AKHIR = skor 1 + skor 2

Mengetahui

Yogyakarta, 23 September 2016

Guru Mata Pelajaran

Mahasiswa PPL,


Drs. Yuwono Sudiprayitno
NIP. 19660602 200801 1 003



Ria Apriliana
NIM. 13205241032

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Nama Sekolah : SMP N 2 Yogyakarta
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/ Semester : VIII/ Ganjil
Materi Pokok : Unggah-ungguh Jawa
Alokasi Waktu : 2 x 40 Menit (1 pertemuan)

A. Standar Kompetensi

1. Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya
2. Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.
3. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.
4. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/ teori.

B. Kompetensi Dasar

- 3.1 Memahami berbagai fungsi teks lisan sesuai dengan unggah ungguh Jawa.
 - 4.1. Menyusun teks lisan untuk berbagai keperluan di rumah dan sekolah sesuai dengan unggah-ungguh

C. Indikator Pencapaian Kompetensi

KD 3.1. :

- 3.1.1. Menjelaskan pemakaian ragam bahasa Jawa dengan tepat.
- 3.1.2. Menggunakan unggah-ungguh meminta ijin untuk suatu keperluan di lingkungan tinggal dan lingkungan sekolah.
- 3.1.3. Menggunakan unggah-ungguh meminta perhatian di lingkungan sekolah dan tempat tinggal.
- 3.1.4. Menggunakan unggah-ungguh untuk memberikan pujian kepada orang lain.
- 3.1.5. Menggunakan unggah-ungguh untuk meminta maaf.

KD 4.1. :

- 4.1.1. Menyusun teks percakapan berisi unggah-ungguh ketika meminta ijin kepada orang tua untuk suatu keperluan.
- 4.1.2. Menyusun teks percakapan berisi unggah-ungguh meminta ijin kepada guru untuk suatu keperluan di sekolah.
- 4.1.3. Menyusun teks percakapan tentang unggah-ungguh ketika meminta perhatian dalam membacakan pengumuman di dalam kelas.

- 4.1.4. Menyusun teks percakapan tentang unggah-ungguh meminta perhatian ketika membaca pengumuman di lingkungan tinggal.
- 4.1.5. Menyusun teks percakapan tentang unggah-ungguh memberikan pujian di lingkungan tinggal.
- 4.1.6. Menyusun teks percakapan tentang unggah-ungguh dalam memberikan pujian kepada teman di sekolah.
- 4.1.7. Menyusun teks untuk meminta maaf saat halal bi halal.

D. Tujuan Pembelajaran

Pertemuan 3

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu :

1. Siswa dapat menggunakan unggah-ungguh untuk meminta maaf dengan tepat.

E. Materi Pembelajaran

1. Materi pembelajaran reguler

Unggah-ungguh Njaluk Pangapura

Nalika awake dhewe nindakake kesalahan marang sapa wae becike enggal ngakoni kaluputan lan age-age njaluk pangapura. Ngakoni kesalahan iku kalebu tumindak kang utama lan sinatriya.

Ukara kanggo njaluk pangapura upamane :

1. Apuranen aku ya dhik!
2. Sing gedhe pangapuramu ya Mas!
3. Bu kula lepat, kula nyuwun pangapunten!
4. Ingkang ageng ing pangaksama menawi kathah lepat kula, Pak!

Tuladha ukara kanggo njaluk pangapura nalika halal bihalal/ ujung ing dina riyaya :

Kepareng matur dhumateng bapak saha ibu sekaliyan, ingkang sepisan kula ngaturaken Sugeng Riyadi dhumateng panjenengan sekaliyan. Ingkang kaping kalih kula ngaturaken pangabekti kula dhumateng bapak saha ibu sekaliyan. Ingkang kaping tiga kula ngrumaosi bilih kathah sikap saha patrap ingkang boten ngremenaken kepara damel sakit manahipun bapak saha ibu, pramila wonten ing wekdal ingkang suci punika kula nyuwun lumunturing sih pangaksami saking bapak saha ibu sekaliyan. Ing salajengipun keparenga kula nyuwun tambahing donga mugi-mugi saged kasembadan menapa ingkang dados gegayuhan kula. Cekap semanten atur kula mbok bilih wonten klentuning atur kula nyuwun pangapunten.

2. Materi pembelajaran remedial

Nyuwun Pamit Dhateng Wingking

Pak Bagyo lagi nerangake bocah-bocah babagan tata krama. Bocah-bocah padha nggatekake kanthi premati. Wis sawetara Naura krasa kepingin nguyuh. Sawise ora tahan maneh, Naura ngadeg banjur ngacungake tangan. Naura ngadeg banjur mlaku alon-alon nyedhaki Pak Bagyo. Tangan ngapurancang, awak rada mbungkuk, matur alon nanging cetha.

Naura : “Nuwun sewu, Pak. Kula nyuwun idin badhe dhateng kolah.”

Pak Bagyo : “Ya kana (Sajroning Naura menyang kolah, Pak Bagyo nerusake anggone ngendikan).

Pak Bagyo : “Ya kaya mangkono iku patrape menawa arep nyuwun idin nuduhake

rasa urmat marang wong sing disuwuni idin. Mlaku, lungguh, omong, iku kabeh kudu nganggo tata krama (ora let suwe Naura mlebu maneh banjur matur marang Pak Bagyo.

Naura : “Sampun, Pak matur nuwun”

Pak Bagyo : “iya padha-padha (Pak Bagyo karo manthuk-manthuk)

(Naura alon-alon minger banjur lungguh ing papane. Pak Prasetyo nerusake pangandikane.)

Pak Bagyo : “Bocah-bocah, patrape Naura mau iku becik, dadi sadurunge lan sawise nindakake perlune kudu matur, ora lali ngaturake panuwun marang sing maringi idin. Bocah-bocah kudu kulina matur terus terang, yen kepengin menyang kolah aja diampet mundhak lara wetenge. Bocah-bocah banjur mangerti yen patrape lan ature Naura iku becik, pantes diconto.

Piwulang budi pekerti:

1. Bocah-bocah kudu kulina matur terus terang marang sapa wae
2. Sadurunge lan yen wis rampung perlune kudu matur lan ngaturake panuwun
3. Tata krama sing becik bisa gawe tentreming pikir sing nyawang lan sing nglakoni
4. Yen arep matur karo guru migunakake basa krama sing becik lan patrap sing apik
5. Nggatekake kabeh sing dingendikakake guru.

Unggah-ungguh nyuwun idi ninggalake kelas

Wonten ing kelas, nalika pamulangan Sari badhe nyuwun idin ninggalake pelajaran amargi badhe ndherek lomba nari. Sari banjur matur dhateng Pak Prasetyo. Sari ngacungke tangan, lajeng majeng saha matur kanthi alon nanging cetha.

Sari : “Nuwun sewu, Pak. Nyuwun pangapunten, kula badhe nyuwun idi

palilah ndherek lomba nari wonten ing Balai Pamungkas.”

Pak Prasetyo : “O ya kana. Matur neng piketan ya, yen arep ninggalke kelas. Kudu

ana surat idine.”

Sari : “Nggih Pak, maturnuwun. Nyuwun pamit.”

Pak Prasetyo : “Ati-ati ya Ndhuk, muga-muga lancar.”

Sari banjur salaman lan metu saka kelas.

3. Materi pembelajaran pengayaan

Unggah-ungguh kanggo Njaluk Kawigaten

Wektune wulangan basa Jawa ing kelas wolu, keprungu swara lawang dithothok. Bu Prapti kang lagi ngasta ing kelas noleh asale swara. Katon ing kono Yudha. Bocah loro iku nyuwun ijin arep menahi wara-wara ing kelas 8 E

Yudha : “Nuwun sewu Bu, keparenga kula nyuwun idin badhe paring wara-wara dhateng kanca-kanca kelas 8 E.

Bu Prapti : “Oh iya mas. Mangga. Bocah-bocah padha digatekake iki kancamu arep paring wara-wara”.

Yudha : “Sugeng siyang kanca-kanca. Keparenga kula nyuwun kawigatosanipun sekedhap dhumateng sedaya anggota Tonti ing kelas 8 E bilih samangke saksampunipun pasinaon paripurna, kasuwun kempal wonten aula saperlu ngrembag kegiatan upacara dinten kamardikan RI ingkang kaping 71. Makaten wara-wara saking kula awit kawigatosanipun kula ngaturaken matur nuwun”.

Sakwise rampung anggone menehake wara-wara Yudha banjur ngaturake panuwun marang bu Prapti guru kang ngasta ing kelas wolu E banjur nyuwun pamit kanthi sopan.

Katrangan :

Kanggo njaluk kawigaten bisa migunakake tetembungan “nyuwun kawigatosanipun, gatekna, ayo digatekake!”

F. Metode Pembelajaran.

Diskusi kelompok Permodelan, NHT, Make a machh, Tanya Jawab, Penugasan.

G. Media, dan Alat Pembelajaran

Media : PPT, kartu permainan

Alat : kertas buffallo, spidol

H. Sumber Belajar

Suprpto, dkk. 2009. *Basa Jawi Piwulang Budi Pekerti*. Jakarta: Yudhistira.

Bausastra Djawa

Internet

I. Langkah-langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 3

1. Kegiatan Pendahuluan 10 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran

2. Kegiatan Inti (60 menit)

a. Eksplorasi

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian unggah-ungguh meminta maaf.
- ◆ Fungsi unggah-ungguh meminta maaf.
- ◆ Penggunaan unggah-ungguh meminta maaf.

b. Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Menyimak teks tentang unggah-ungguh meminta maaf.
- ◆ Membagi peran sesuai teks dan memperagakan unggah-ungguh meminta maaf bersama kelompoknya.
- ◆ Pertanyaan / soal yang diberikan guru yang dikemas dalam bentuk permainan.

Permainan pertama menggunakan metode NHT (*Numbered Head Together*).

Permainan ini dibagi menjadi 7 kelompok. Setiap kelompok mendapat tempelan nomor dan diberi soal dan tiap anggota harus mengetahui semua jawabannya (20 pertanyaan). Guru memberi pertanyaan dan menunjuk secara acak nomor berapa dari kelompok apa. Yang bisa menjawab diberi poin.

Permainan kedua dengan metode make a match, yaitu kelompok masih sama lalu setiap kelompok dikasih soal, dan disuruh mencari jawaban soal tersebut dalam sebuah amplop.

c. Konfirmasi

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

3. Kegiatan Penutup (10 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
- Merencanakan kegiatan tindak lanjut yaitu ulangan harian dan pemberian tugas secara individu.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

J. Penilaian Hasil Pembelajaran

1. Pengetahuan

a. Penugasan

- 1) Teknik penilaian : Penugasan individu
- 2) Bentuk instrumen : Unjuk kerja
- 3) Kisi-kisi :

No	Indikator	Butir Soal
1	Menyusun percakapan unggah-ungguh dapat berupa unggah-ungguh meminta ijin, meminta perhatian, memberi pujian, dan	Kadamelna pacelathon ingkang ngemot salah satunggal unggah-ungguh (nyuwun idi palilah, nyuwun kawigatosan, paring pangalembana, saha nyuwun

	meminta maaf di lingkungan tinggal maupun sekolah.	pangapunten)!
--	---	---------------

4) Pedoman Penilaian

No	Nama siswa	Ketepatan penggunaan bahasa 70	Kuantitas kalimat percakapan 30	Total 100

.....
 NILAI AKHIR = $\frac{\text{Perolehan Skor}}{\text{Skor Maksimum}} \times \text{Skor (100) Ideal} =$

b. Tes tertulis

- 1) Teknik penilaian : Tes tertulis
- 2) Bentuk Instrumen : Jawaban singkat dan pilihan ganda
- 3) Kisi-kisi :

Indikator Soal	Butir Soal
1. Siswa dapat memilih jawaban yang tepat tentang pengertian unggah-ungguh. C1 2. Siswa dapat menyebutkan ruang lingkup unggah-ungguh. C1 3. Siswa memilih jawaban yang tepat tentang kalimat untuk nyuwun kawigatosan. C1 4. Siswa memilih jawaban yang tepat tentang meminta ijin untuk memberi pengumuman. C1 5. Siswa dapat menyebutkan sikap yang benar ketika meminta ijin. C1 6. Disajikan teks percakapan, siswa dapat memilih kalimat yang	1. Menapa kang diarani unggah-ungguh? a. Tatananing basa menawa gineman supaya kang medhar karo kang ngrungoke bisa selaras. b. Tatakrama menawa wicantenan karo wong liya kang durung kenal. c. Solah bawa kang apik. d. Patrapipe wong gineman karo wong kang luwih tuwa. 2. Ing ngisor iki kalebu ruang lingkup unggah-ungguh, kejaba.. a. Undha usuking basa b. Tata krama c. Busana d. Ukara 3. “Pak nuwun sewu kula badhe nyuwun kawigatosanipun bapak-bapak sedaya.” Ukara ana ing dhuwur kalebu unggah-ungguh kangge... a. Nyuwun pangapunten marang wong kang luwih tuwa. b. Nyuwun kawigaten marang wong kang luwih tuwa. c. Nyuwun palilah marang wong kang luwih enom. d. Nyuwun kawigaten marang kanca-kancane. 4. Kepiye anggonmu matur marang bapak/ibu guru ing kelas menawa arep paring wara-wara? a. Nuwun sewu Bu, kula arep njaluk kawigaten kanca-kanca kabeh. b. Bu nyuwun kawigatosanipun badhe paring wara-wara. c. Bu nyuwun pangapunten kula badhe nyuwun idi palilah kangge paring wara-wara. d. Nuwun sewu Bu, kula nyuwun kawigatosanipun. 5. Kepiye patrape menawa para siswa arep nyuwun palilah kanggo dhateng wingking?

<p>termasuk pujian dalam teks percakapan tersebut. C1</p>	<p>a. Badane jejeg, matur alon b. Badane jejeg, tangan ngapurancang, matur alon. c. Badane radi mbungkuk, mlaku alon, matur alon-alon. d. Badane radi mbungkuk, mlaku alon, tangan ngapurancang, matur alon.</p> <p><i>Gatekna pacelathon ing ngisor iki!</i></p> <p>Ana sangarepe kaca lemari, Ratri tansah umak-umik. Kadhang kala sirahe melu gela-gelo. Tangane loro melu obah. Kaya wong kang nuduhake. Bu Wasita pirsira polahe Ratri, mesem.</p> <p>Bu Wasito : “Ratri, taksawang kawit mau, kowe kok katon umak-umik ing kaca lemari, lagi ngapa? Kok ya nganggo mic barang”.</p> <p>Ratri : “Bu, kula menika nembe latihan sesorah, awit minggu ngajeng ing sekolah menika dipunwontenaken lomba sesorah. Lan kula kepengin sanget tumut lomba menika”.</p> <p>Bu Wasita : “Ratri, yen ibu priksani anggonmu sesorah iku mau wis apik, nanging prayogane anggonmu gladhen luwih mepeng”.</p> <p>Ratri : “Inggih, Bu nanging kula menika taksih radi kangelan aggenipun badhe milih-milih tembung ingkang trep tur inggih leres, Bu”.</p> <p>Bu Wasita : “Wis aja sumelang, bapakmu iku wiwit biyen tekan saiki isih pinter sesorah”.</p> <p>Ratri : “Menawi mekaten, dhawah kaleresan Bu. Mangke kula badhe nyuwun dipun gladhi kalihan bapak”.</p> <p>Bu Wasita : “Iya kena wae kowe nyuwun digladhi bapakmu. Nanging luwih becik yen kowe sinau lan nyoba luwih dhisik. Dadi yen mengko bapakmu kondur, mung kari mbenerake lan nambah aperlune wae”.</p> <p>Ratri : “Kasinggihan Bu, ancas kula panci mekaten, mugi-mugi kemawon bapak enggal kondur saking Jakarta nggih, Bu”.</p> <p>Bu Wasito : “Iya ratri, aku lan kowe kudu tansah ndedonga muga-muga bapakmu tansah pinaringan keslametan”.</p> <p>Ratri : “Inggih, Bu”.</p> <p>6. Ana ing pacelathon ing dhuwur, ukara kang kalebu unggah-ungguh paring pangalembana yaiku...</p> <p>a. Kasinggihan Bu, ancas kula panci mekaten, mugi-mugi kemawon bapak enggal kondur saking Jakarta nggih, Bu b. Iya kena wae kowe nyuwun digladhi bapakmu. Nanging luwih becik yen kowe sinau lan nyoba luwih dhisik. c. Ratri, yen ibu priksani anggonmu sesorah iku mau wis apik, nanging prayogane anggonmu gladhen luwih mepeng. d. Menawi mekaten, dhawah kaleresan Bu. Mangke kula badhe nyuwun dipun gladhi kalihan bapak.</p> <p>7. Pamitan marang bapak- ibumu sing bener menawa arep budhal sekolah yaiku :</p> <p>a. Pak/ bu kula bidhal sekolah rumiyin, nyuwun donga pangestu b. Pak/ bu kula ajeng tindak sekolah c. Pak/ bu kula ajeng mangkat sekolah nggih d. Pak/ bu kula tindak sekolah, nyuwun sangu</p>
<p>7. Siswa dapat menyebutkan kalimat yang benar sesuai unggah-ungguh untuk</p>	

<p>meminta ijin berangkat ke sekolah. C1</p> <p>8. Siswa memilih jawaban yang benar tentang kalimat untuk meminta ijin ikut belajar kelompok. C1</p> <p>9. Siswa dapat menyebutkan kalimat yang benar untuk meminta ijin ke kamar mandi. C1</p> <p>10. Siswa dapat memilih jawaban yang tepat tentang kalimat untuk meminta maaf karena telat. C1</p> <p>11. Siswa dapat memilih kalimat yang sesuai unggah-ungguh. C1</p> <p>12. Disajikan kalimat, siswa dapat melengkapi kata yang kosong sesuai unggah-ungguh yaitu kata <i>ndhawuhi</i> dan kata <i>nyaosi</i>. C3</p> <p>13. Disajikan kalimat, siswa dapat memilih jawaban yang tepat tentang basa krama dari kalimat tersebut. C1</p> <p>14. Disajikan kalimat, siswa dapat menyebutkan kalimat tersebut termasuk unggah-ungguh apa. C1</p> <p>15. Disajikan kalimat, siswa dapat melengkapi kata-kata yang kosong sesuai unggah-ungguh yaitu <i>matur</i> dan <i>sowan</i>. C3</p>	<p>8. Menawa arep pamit sinau bebarengan, anggonmu matur marang Ibu : a. Bu kula nyuwun pamit sinau bebarengan, kondur kula mangke jam gangsal b. Bu kula mundhut pamit sinau bebarengan, kondur kula mangke jam gangsal c. Bu kula nyuwun pamit sinau bebarengan, wangsul kula mangke jam gangsal d. Bu kula ajeng tindak sinau bebarengan, bali kula mangke jam gangsal</p> <p>9. Menawa kowe arep menyang pekiwan/ WC anggonmu matur: a. Pak kula ajeng teng WC sekedhap b. Pak kula ajeng tindak WC sekedhap c. Pak nyuwun idi palilah badhe dhateng wingking sekedhap d. Pak badhe tindak dhateng wingking sekedhap, maturnyuwun</p> <p>10. Menawa badhe nyuwun palilah mlebu kelas jalaran telat, anggone matur: a. Pak guru nuwun sewu kula telat, yen oleh kula ajeng melu pelajaran b. Pak guru nuwun sewu kula telat, yen angsal kula ajeng tumut pelajaran c. Pak guru nyuwun pangapunten kula telat, menawa angsal kula ajeng ndherek pelajaran d. Pak guru nyuwun pangapunten kula telat, menawi dipunkeparengaken kula badhe ndherek pelajaran</p> <p>11. Ukara kang bener unggah-ungguhe yaiku a. Sampun gangsal dinten menika bapak tindak dhateng Sala b. Bapak lagi wae tindak kantor c. Ibu kesah teng pasar d. Kula tindak sekolah kaleh kanca kula</p> <p>12. Ibu adhik supados roti simbah. a. ngutus, maringi b. ndhawuhi, maringi c. kengken, nyukani d. ndhawuhi, nyaosi</p> <p>13. Pak guru iya diundang, nanging ora bisa teka. Manawa dikramakake sing bener a. Pak guru iya ditimbali nanging boten saged dhateng b. Pak guru inggih dipunaturi, nanging boten saged rawuh c. Pak guru inggih dipuntimbali, nanging boten saged sowan d. Pak guru inggih dipunaturi, nanging boten saged dhateng</p> <p>14. “Wah elok, aku melu bungah kowe entuk juara 1 ing lomba maca geguritan!” Ukara iki lumrah diarani unggah-ungguh kanggo a. Ngalem b. Sapa aruh c. Nyuwun pangapura d. Nyuwun idi palilah</p> <p>15. Aku arep karo ibu menawa sesuk minggu aku arep Simbah a. Ngendika, rawuh</p>
--	--

<p>Siswa dapat membuat teks percakapan unggah-ungguh meminta perhatian di kelas. C5</p>	<p>b. Matur, sowan c. Matur, rawuh d. Ngendika, sowan</p> <p>1. Gawea pacelathon bab unggah-ungguh nyuwun kawigatosan ing kelas nalika pelajaran lan ana guru kang nembe mulang!</p>
--	---

4) Kunci Jawaban
Pilihan Ganda

1. A
2. D
3. B
4. C
5. D
6. C
7. A
8. C
9. C
10. D
11. A
12. D
13. B
14. A
15. B

Uraian → tergantung jawaban masing-masing siswa. Dinilai ketepatan penggunaan bahasa dan isi percakapannya.

5) Pedoman Penilaian

Skor pilihan ganda maksimal 15

Skor uraian maksimal 5

Jumlah skor = 20


$$\text{Nilai Akhir} = \frac{\text{Perolehan skor}}{\text{Skor maksimal (20)}} \times \text{Skor (100) ideal} = \dots$$

Mengetahui

Yogyakarta, 23 September 2016

Guru Mata Pelajaran

Mahasiswa PPL,


Drs. Yuwono Sudiprayitno
NIP. 19660602 200801 1 003



Ria Apriliana
NIM. 13205241032

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Nama Sekolah : SMP N 2 Yogyakarta
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/ Semester : VIII/ Ganjil
Materi Pokok : Berita Berbahasa Jawa
Alokasi Waktu : 2 x 40 Menit (1 pertemuan)

A. Standar Kompetensi

1. Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya
2. Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.
3. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.
4. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/ teori.

B. Kompetensi Dasar

- 3.2. Memahami strategi menyimak berita berbahasa Jawa

C. Indikator Pencapaian Kompetensi

KD 3.2. :

- 3.2.1. Menjelaskan pengertian berita berbahasa Jawa
- 3.2.2. Menjelaskan tehnik atau cara pembacaan berita berbahasa Jawa yang baik.
- 3.2.3. Menjelaskan informasi yang dapat diperoleh dari menyimak tayangan/ teks berita dengan benar.

D. Tujuan Pembelajaran

Pertemuan 1

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu:

1. Menjelaskan pengertian berita berbahasa Jawa.
2. Menjelaskan informasi yang dapat diperoleh dari menyimak tayangan/ teks berita dengan benar.

E. Materi Pembelajaran

1. Materi pembelajaran reguler

Tuladha Pawarta Basa Jawa

Polwan Sadayan Sembako

Sinaosa minangka jejering polisi nanging kodrat alami minangka satunggaling ibu boten saged dipun pisahaken saking polwan. Awit saking punika kangge mengeti ambal warsa Polwan ingkang kaping 68, puluhan

polwan ing Polres Bantul ngadani kridha sosial kanthi sadayan atusan paket sembako mirah.

Pucak pengetan dinten ambal warsa kaping 68 Polwan ing wewengkon Polres Bantul, dipun punjeraken dhateng Balai Budaya Desa Dlingo, Kecamatan Dlingo, Bantul. Maneka kridha dipun gelar kangge ngregengaken pengetan ambal warsa punika, kadosta kridha polisi sahabat anak, ladosan SIM keliling lan ugi sadayan paket sembako mirah.

Senior Polwan Polres Bantul, Kopol Sinungwati mratelakaken, kridha punika inggih kangge sarana supados kepolisian langkung caket kaliyan masyarakat. Kejawi punika, pahargyan ambal warsa Polwan ugi dipun gelar maneka kridha sosial, antawisipun kanthi suka santunan dhateng panandang disabilitas sarta panyadening sembako mirah. Paket sembako kanthi pangaos seket ewu rupiah dipun sade regi kalihdasa ewu rupiah kanthi pangajab saged ngentheng-enthengi sesangganipun masyarakat, nalika maneka regi kabetahan baku mindhak.

Sumber saking www.jogjatv.tv 26 Agustus 2016

a. Pangertosan Pawarta

Kabar anyar utawa kedadean sing lagi dumadi ana sawijining panggonan sing bisa dicawiske kayata awujud cetak, siaran, internet, utawi lisan marang wong katelu utawa wong akeh.

b. Isi Pawarta

Isinipun teks pawarta ing nginggil inggih menika ngandharaken kagiyatan ingkang dipunwontenaken dening polwan kangge mengeti dinten ambal warsa kaping 68 Polwan ing wewengkon Polres Bantul, dipun punjeraken dhateng Balai Budaya Desa Dlingo, Kecamatan Dlingo, Bantul. Wujud kridhanipun kadosta kridha polisi sahabat anak, ladosan SIM keliling lan ugi sadayan paket sembako mirah. Kridha punika inggih kangge sarana supados kepolisian langkung caket kaliyan masyarakat.

c. Sipat Pawarta

→Aktual, faktual, cekak aos, narik kawigaten, unik, jangkep.

d. Wujud Pawarta

Media cetak (majalah/ariwarti, koran/kalawarti), internet; Media elektronik (siaran TV, siaran radio)

e. Bab / perkawis ingkang kedah dipungatosaken nalika maos pawartos utawi *pembacaan berita*

- 1) Pamaosipun teks pawarta saenipun nggatosaken bab wicara nggih menika anggenipun ngucapaken tetembungan kedah cetha, boten groyok, boten keseron lan boten kelirihen.
- 2) Wiramanipun kedah sae tegesipun boten alon boten kebanteren.

- 3) Patrapipun kedah mantep, lan teteg, madhep dhateng pamriksa.
Boten dhungkluk lan boten ndangak.

f. Pokok-pokok berita

Kanggo mangerteni isi pawarta bisa kanthi cara mangerteni pokok-pokok isi pawarta utawa bakuning pawarta lelandhesan teori 5W+1H, yaiku :

- 1) Apa kang diandharake ing pawarta iki?
 - 2) Sapa pawongan utawa paraga ing pawarta.
 - 3) Kapan dumadine kadadean ing pawarta iku.
 - 4) Ing ngendi papan dumadine kadadean ing pawarta.
 - 5) Apa kang njalari kadadean iku dumadi.
 - 6) Kepriye (urut-urutan) kadadeane ing pawarta iku.
1. Pawarta bab kridha/kagiyatan sosial kangge mengeti ambal warsa Polwan
 2. Kagiyatan Polwan katindakaken wonten ing Balai Budaya Desa Dlingo, Kecamatan Dlingo, Bantul
 3. Kagiyatan sembako mirah dipunwontenaken nalika dinten ambal warsa kaping 68 Polwan.
 4. Ingkang nindakaken para polwan.
 5. Kridha sosial awujud sadayan sembako mirah kangge mengeti ambal warsa polwan supados ngregengaken antawisipun jajaran polisi kaliyan masarakat.
 6. Kridha sosial ingkang dipunadani para polwan kanthi sadayan atusan paket sembako mirah. Paket sembako kanthi pengaos seket ewu rupiah dipun sade regi kalihdasa ewu rupiah kanthi pangajab saged ngentheng-enthengi sesangganipun masyarakat, nalika maneka regi kabetahan baku mindhak.

F. Metode Pembelajaran

Pertemuan 1 dengan diskusi kelompok, penugasan

G. Media dan Alat Pembelajaran

Media : PPT, video pawarta

Alat : spidol, kertas berisi teks pawarta

H. Sumber Belajar

Suprpto, dkk. 2009. *Basa Jawi Piwulang Budi Pekerti*. Jakarta: Yudhistira.

www.jogjatv.tv

I. Langkah-langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan I

1. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
 - Memberikan motivasi.
 - Menjelaskan tujuan pembelajaran
 - Menyajikan video/ gambar berkaitan dengan pembacaan berita berbahasa jawa.
- 2. Kegiatan Inti (50 menit)**
- **Eksplorasi**
 Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :
 - ◆ Pengertian berita berbahasa Jawa
 - ◆ Cara menemukan informasi dari berita berbahasa Jawa
 - **Elaborasi**
 Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan kegiatan diskusi kelompok tentang :
 - ◆ Menyimak teks berita berbahasa Jawa.
 - ◆ Mengidentifikasi dan menuliskan apa-apa yang diamati.
 - ◆ Menemukan isi/ informasi dari berita berbahasa Jawa.
 - ◆ Mempresentasikan hasil diskusi bersama kelompok.
 - **Konfirmasi**
 Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :
 - ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
 - ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.
- 3. Kegiatan Penutup (15 menit)**
- Dalam kegiatan penutup guru :
- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
 - Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
 - Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
 - Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

J. Penilaian Hasil Pembelajaran

KD 3.2 Memahami strategi menyimak berita berbahasa jawa

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Tehnik	Bentuk Instrumen	Instrumen
1. Menjelaskan isi teks berita. 2. Menjelaskan makna kata dari teks berita	Tes Kinerja	Tes Tertulis	1. Kepriye mula bukane tradisi penganten mlampah ngubengi wit ringin ana ing Desa Mergoagung? 2. Jugar anggenipun mertapa, apa tegese?

Pedoman Penilaian

KD 3.2 Tiap nomor skor maksimal 10, Total skor 20


$$\text{Nilai Akhir} = \frac{\text{Perolehan skor}}{\text{Skor maksimal (20)}} \times \text{Skor (100) ideal} = \dots$$

Mengetahui

Yogyakarta, 23 September 2016

Guru Mata Pelajaran

Mahasiswa PPL,


Drs. Yuwono Sudiprayitno
NIP. 19660602 200801 1 003



Ria Apriliana
NIM. 13205241032

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Nama Sekolah : SMP N 2 Yogyakarta
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/ Semester : VIII/ Ganjil
Materi Pokok : Berita Berbahasa Jawa
Alokasi Waktu : 2 x 40 Menit (1 pertemuan)

A. Standar Kompetensi

1. Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya
2. Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.
3. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.
4. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/ teori.

B. Kompetensi Dasar

- 3.2. Memahami strategi menyimak berita berbahasa jawa

C. Indikator Pencapaian Kompetensi

KD 3.2. :

- 3.2.4 Menjelaskan relevansi tayangan/ teks yang diamati dengan kehidupan disekitarnya.
- 3.2.5 Menjelaskan nilai-nilai luhur yang dapat diteladani dari tayangan / teks berita yang diamati.

KD 4.2.

- 4.2.1 Menentukan pokok-pokok berita yang berkaitan dengan kebudayaan di Daerah Istimewa Yogyakarta.
- 4.2.2 Mengumpulkan informasi/data tentang pokok-pokok berita tersebut dapat melalui media masa, internet atau wawancara dengan narasumber.

D. Tujuan Pembelajaran

Pertemuan 2

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu:

1. Menjelaskan relevansi tayangan/ teks yang diamati dengan kehidupan disekitarnya.
2. Menjelaskan nilai-nilai luhur yang dapat diteladani dari tayangan / teks berita yang diamati.
3. Menjelaskan informasi dari teks berita berbahasa Jawa dengan tepat.
4. Menjelaskan kalimat fakta berdasar teks berita dengan tepat.

5. Menjelaskan kalimat opini dari teks berita dengan tepat.

E. Materi Pembelajaran

1. Materi pembelajaran reguler

Tuladha pawarta basa Jawa :

Tradisi Penganten Mlampah Ngubengi Uwit Ringin

Warga Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan Sleman ngantos samangke taksih memetri tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ingkang dumunung ing Padukuhan Ngino, Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan, Sleman. Awit saking punika, saben wonten warga ingkang gadhah damel mantu, pasangan penganten kaombyong dening kulawarganipun nindakaken tradisi kasebat.

Dinten Jemuwah (26/8) siyang wonten pasangan penganten ingkang nindakaken tradisi mlampah ngubengi uwit ringin ing Padukuhan Ngino. Miturut juru kunci Mbah Bergas Ringin Ngino, Priyo Hadi Karsono, tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ing Padukuhan Ngino dipun tindakaken wiwit jamanipun nenek moyang. Mula bukanipun duking uni wonten satunggaling Punggawa Praja Majapait inggih punika Mbah Bergas ingkang mertapa dhateng Padukuhan Ngino. Sasampunipun jugar anggenipun mertapa, Mbah Bergas nanem uwit ringin lan paring dhawuh supados sedaya Warga Margoagung ingkang pala krama kedah mlampah ngubengi uwit ringin wau ambal kaping 3, minangka pralambang penganten kedah mituhu dhateng dhawuhing tiyang sepuh lan agama. Miturut Priyo Hadi Karsono, ngantos samangke warga Desa Margoagung taksih memetri tradisi kasebat awit menawi dipun terak badhe bilaheni tumrap pasangan penganten.

Sumber saking jogjatv.tv

a. Relevansi utawi sesambetanipun wosing pawarta kaliyan pagesangan wonten ing masarakat inggih menika wonten ing pagesangan masarakat, sedaya kalangan masarakat saking petani dumugi tiyang ingkang pangkat drajate inggil kedah njagi pasrawungan saha sami tetulung.

b. Nilai Luhur Pawarta

Nilai luhur ingkang saged dipunpendhet saking pawarta inggih menika :

- 1) Kedah mituhu dhateng dhawuhipun tiyang sepuh saha agamanipun.
- 2) Kedah ngleluri budaya Indonesia mliginipun budaya Jawi.

c. Kalimat fakta

Ukara fakta inggih menika ukara ingkang ide pokokipun saestu wonten ing kasunyatan saha saged dibuktikaken prastawanipun. Data-datanipun ugi akurat.

Tuladha :

Warga Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan Sleman ngantos samangke taksih memetri tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ingkang

dumunung ing Padukuhan Ngino, Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan, Sleman.

d. Kalimat opini

Ukara opini inggih menika ukara ingkang topikipun kalebet pamanggihipun tiyang ingkang sipatipun subjektif saha dereng tamtu nyata.

Tuladha :

Miturut juru kunci Mbah Bergas Ringin Ngino, Priyo Hadi Karsono, tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringing ing Padukuhan Ngino dipun tindakaken wiwit jamanipun nenek moyang.

e. Tanggapan Pawarta

Tanggapan sawijing pawarta bisa wujud pratelan lisan utawi tulisan kanthi ancas kanggo njlentrehaken panemu babagan apa kang mentas dirungu utawa diwaca. Aweh tanggapan utawa nanggapi pawarta ateges nelakake panemu gegayutan karo pawarta kang dirungokake utawa diwaca. Sawise mangerteni pokok-pokok isi pawarta banjur bisa aweh tanggapan marang isi pawarta kang disemak utawa diwaca. Dideleng saka isine, tanggapan isi pawarta bisa nuduhake pranyatan kang nelakake sarujuk, ora sarujuk, aweh panyaruwe (kritikan), muwuhi panemu utawa asung pamrayoga gegayutan isining pawarta.

Supaya bisa ngandharake tanggapan kanthi becik, kudu migateke menawa :

1. Tanggapan kudu laras karo isi pawarta.
2. Aweh tanggapan kudu apa anane / obyektif.
3. Ngandharake tanggapan kudu sinartan pawadan (alasan).
4. Senajan ora sarujuk, aja nganti nyalahake panemune wong liya. Aja nganti duwe panganggep menawa panemune dhewe kang paling bener.
5. Migunakake basa kang alus lan sopan.
6. Migunakake basa kang ringkes nanging cetha lan gampang dimangerteni liyan.

Titikane / Ciri-cirine tanggapan kang becik, yaiku :

1. Tanggapan mujudake pranyatan/pratelan.
2. Wujud lesan utawa tulisan.
3. Duwe ancas kanggo njlentrehake sawijining bab kang sadurunge dikandhakake dening wong
4. Tanggapan kang dipratelakake ora ngremehake panemune wong liya.
5. Tanggapan dikantheni pawadan.

F. Metode Pembelajaran

Pertemuan 2 dengan diskusi kelompok dan demonstrasi

G. Media dan Alat Pembelajaran

Media : PPT, video pawarta

Alat : spidol, kertas berisi teks pawarta

H. Sumber Belajar

Suprpto, dkk. 2009. *Basa Jawi Piwulang Budi Pekerti*. Jakarta: Yudhistira.

www.jogjatv.tv

I. Langkah-langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 2

1. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan teks/ gambar berkaitan berita berbahasa Jawa

2. Kegiatan Inti (50 menit)

• **Eksplorasi**

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Isi berita berbahasa Jawa
- ◆ Nilai luhur berkaitan isi berita.
- ◆ Cara menemukan informasi dalam teks berita.
- ◆ Pengertian tentang kalimat fakta dan opini.
- ◆ Perbedaan kalimat fakta dan opini dalam teks berita.

▪ **Elaborasi**

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Menyimak teks berita berbahasa Jawa
- ◆ Menemukan informasi dari berita.
- ◆ Membuat refleksi terhadap isi berita dan mencari relevansi isi berita dengan kehidupan sehari-hari serta menyusun nilai-nilai luhur terkait dengan isi berita.
- ◆ Menemukan informasi dalam berita menggunakan teknik 5W+1H.
- ◆ Mengidentifikasi kalimat fakta dan kalimat opini dalam teks berita.
- ◆ Mempresentasikan hasil diskusi kelompok.

▪ **Konfirmasi**

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

3. Kegiatan Penutup (15 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan

- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

J. Penilaian Hasil Pembelajaran

KD 3.2 Memahami strategi menyimak berita berbahasa jawa

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Tehnik	Bentuk Instrumen	Instrumen
1. Menjelaskan informasi dari teks berita. 2. Menjelaskan refleksi terhadap isi teks berita. 3. Mengemukakan pendapat terkait dengan teks berita.	Tes Kinerja	Tes Tertulis	1. Kepriye tata carane nglampahi tradisi penganten ngubengi wit ringin? 2. Miturut Priyo Hadi Karsono, ngantos samangke warga Desa Margoagung taksih memetri tradisi kasebat awit menawi dipun terak badhe bilaheni tumrap pasangan penganten kepriye miturut pamawasmu? 3. Sebutna cara-carane supaya tradisi iku bisa tetep lestari tekan saiki lan sawise?

Pedoman Penilaian

KD 3.2 Tiap nomor skor maksimal 10, Total skor 30

$$\text{Nilai Akhir} = \frac{\text{Perolehan skor}}{\text{Skor maksimal (30)}} \times \text{Skor (100) ideal} = \dots$$

Mengetahui

Yogyakarta, 23 September 2016

Guru Mata Pelajaran

Mahasiswa PPL,

Drs. Yuwono Sudiprayitno
NIP. 19660602 200801 1 003



Ria Apriliana
NIM. 13205241032

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Nama Sekolah : SMP N 2 Yogyakarta
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/ Semester : VIII/ Ganjil
Materi Pokok : Berita Berbahasa Jawa
Alokasi Waktu : 2 x 40 Menit (1 pertemuan)

A. Standar Kompetensi

1. Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya
2. Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.
3. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.
4. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/ teori.

B. Kompetensi Dasar

- 4.2. Menanggapi berita berbahasa Jawa

C. Indikator Pencapaian Kompetensi

KD 4.2.

- 4.2.3. Membuat tanggapan berdasar data/informasi/ hasil wawancara
- 4.2.4. Mengedit hasil tulisan berdasarkan kebahasaan dan tata penulisan/EYD.
- 4.2.5. Mempresentasikan hasil tulisan di depan kelas.

D. Tujuan Pembelajaran

Pertemuan 3

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu:

1. Menyusun kalimat tanggapan terhadap isi teks berita.
2. Menyusun sebuah berita berbahasa Jawa berdasar peristiwa di sekitarnya

E. Materi Pembelajaran

1. Materi pembelajaran reguler

Nulis Teks Pawarta

Perangan teks pawarta, yaiku :

1. Irah-irahan (Head)

Irah-irahan pawarta kudu ringkes, antarane 3-5 tembung, nelakake isi pawarta, ndudut kawigaten. Lumrahe katulis mawa ukara tanduk kanthi pola Jejer + Wasesa + Lesan

Tuladha : Presiden Ngresmekake Kreteg Suramadu

2. Teras pawarta (Lead)

Teras pawarta yaiku alinea utawa paragraph kapisan ing teks pawarta sawise irah-irahan. Teras pawarta kang becik kurang luwih mung 30 – 35 tembung utawa telung larik. Cara nulis teras pawarta kanthi nyusun 5W+1H. Unsur apa lan sapa (*what* lan *who*) ing ukara wiwitan. Unsur kapan lan ing ngendi (*when* lan *where*) ing ukara pungkasan.

3. Isi pawarta (Body)

Isi Pawarta njlentrehake wangsulan saka pitakonan kenapa/apa jalarane lan kepriye (*why* lan *How*). Njlentrehake apa wae kang njalari kelakone kadadean iku. Uga njlentrehake kepriye kelakone utawa kadadeane, urutan-urutan kadadean.

Titikane Pawarta

1. Aktual/anyar

Kadadean kang isih anyar, lagi wae kadadean utawa lagi kadadean.

2. Faktual/nyata

Kadadean iku pancen nyata ana.

3. Wigati, pawarta dianggep wigati :

Paraga ing kadadean iku mujudake paraga kang penting, bisa punggawa pamarentahan, artis, atlet utawa tokoh agama. Isi pawarta gegayutan karo wong akeh/masyarakat

4. Ndudut /narik kawigaten

Pawarta bisa nuwuhake rasa kepingin ngerti, kepingin nyemak utawa kepingin maca. Kadadean kang narik kawigaten lumrahe kadadean kng bisa aweh lelipur, aneh, kriminal, katresnan.

Tuladha :

Polwan Sadeyan Sembako



Irah-irahan pawarta

Sinaosa minangka jejering polisi nanging kodrat alami minangka satunggaling ibu boten saged dipun pisahaken saking polwan.

Awit saking punika kangge mengeti ambal warsa Polwan ingkang kaping 68, puluhan polwan ing Polres Bantul ngadani kridha sosial kanthi sadeyan atusan paket sembako mirah. Pucak pengetan dinten ambal warsa kaping 68 Polwan ing wewengkon Polres Bantul, dipun punjeraken dhateng Balai Budaya Desa Dlingo, Kecamatan Dlingo, Bantul.



Teras
Pawarta

Maneka kridha dipun gelar kangge nregengaken pengetan ambal warsa punika, kadosta kridha polisi sahabat anak, ladosan SIM keliling lan ugi sadayan paket sembako mirah.

Senior Polwan Polres Bantul, Kompol Sinungwati mratelakaken, kridha punika inggih kangge sarana supados kepolisian langkung caket kaliyan masyarakat. Kejawi punika, pahargyan ambal warsa Polwan ugi dipun gelar maneka kridha sosial, antawisipun kanthi suka santunan dhateng panandang disabilitas sarta panyadening sembako mirah. Paket sembako kanthi pengaos seket ewu rupiyah dipun sade regi kalihdasa ewu rupiyah kanthi pangajab saged ngentheng-enthengi sesangganipun masyarakat, nalika maneka regi kabetahan baku mindhak.

Isi Pawarta

2. Materi pembelajaran remedial

Tradisi Penganten Mlampah Ngubengi Uwit Ringin

Warga Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan Sleman ngantos samangke taksih memetri tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ingkang dumunung ing Padukuhan Ngino, Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan, Sleman. Awit saking punika, saben wonten warga ingkang gadhah damel mantu, pasangan penganten kaombyong dening kulawarganipun nindakaken tradisi kasebat.

Dinten Jemuwah (26/8) siyang wonten pasangan penganten ingkang nindakaken tradisi mlampah ngubengi uwit ringin ing Padukuhan Ngino. Miturut juru kunci Mbah Bergas Ringin Ngino, Priyo Hadi Karsono, tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ing Padukuhan Ngino dipun tindakaken wiwit jamanipun nenek moyang. Mula bukanipun dukung uni wonten satunggaling Punggawa Praja Majapait inggih punika Mbah Bergas ingkang mertapa dhateng Padukuhan Ngino. Sasampunipun jugur anggenipun mertapa, Mbah Bergas nanem uwit ringin lan paring dhawuh supados sedaya Warga Margoagung ingkang pala krama kedah mlampah ngubengi uwit ringin wau ambal kaping 3, minangka pralambang penganten kedah mituhu dhateng dhawuhing tiyang sepuh lan agama. Miturut Priyo Hadi Karsono, ngantos samangke Warga Desa Margoagung taksih memetri tradisi kasebat awit menawi dipun terak badhe bilaheni tumrap pasangan penganten.

Sumber saking jogjatv.tv

- a. Relevansi utawi sesambetanipun wosing pawarta kaliyan pagesangan wonten ing masarakat inggih menika wonten ing pagesangan masarakat, sedaya kalangan masarakat saking petani dumugi tiyang ingkang pangkat drajate inggil kedah njagi pasrawungan saha sami tetulung.

- b. Kalimat fakta

Ukara fakta inggih menika ukara ingkang ide pokokipun saestu wonten ing kasunyatan saha saged dibuktikaken prastawanipun. Data-datanipun ugi akurat.

Tuladha :

Warga Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan Sleman ngantos samangke taksih memetri tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ingkang dumunung ing Padukuhan Ngino, Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan, Sleman.

c. Kalimat opini

Ukara opini inggih menika ukara ingkang topikipun kalebet pamanggihipun tiyang ingkang sipatipun subjektif saha dereng tamtu nyata.

Tuladha :

Miturut juru kunci Mbah Bergas Ringin Ngino, Priyo Hadi Karsono, tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ing Padukuhan Ngino dipun tindakaken wiwit jamanipun nenek moyang.

3. Materi pembelajaran pengayaan

Tradisi Penganten Mlampah Ngubengi Uwit Ringin

Warga Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan Sleman ngantos samangke taksih memetri tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ingkang dumunung ing Padukuhan Ngino, Desa Margoagung, Kecamatan Seyegan, Sleman. Awit saking punika, saben wonten warga ingkang gadhah damel mantu, pasangan penganten kaombyong dening kulawarganipun nindakaken tradisi kasebat.

Dinten Jemuwah (26/8) siyang wonten pasangan penganten ingkang nindakaken tradisi mlampah ngubengi uwit ringin ing Padukuhan Ngino. Miturut juru kunci Mbah Bergas Ringin Ngino, Priyo Hadi Karsono, tradisi penganten mlampah ngubengi uwit ringin ing Padukuhan Ngino dipun tindakaken wiwit jamanipun nenek moyang. Mula bukanipun duking uni wonten satunggaling Punggawa Praja Majapait inggih punika Mbah Bergas ingkang mertapa dhateng Padukuhan Ngino. Sasampunipun jugar anggenipun mertapa, Mbah Bergas nanem uwit ringin lan paring dhawuh supados sedaya Warga Margoagung ingkang pala krama kedah mlampah ngubengi uwit ringin wau ambal kaping 3, minangka pralambang penganten kedah mituhu dhateng dhawuhing tiyang sepuh lan agama. Miturut Priyo Hadi Karsono, ngantos samangke Warga Desa Margoagung taksih memetri tradisi kasebat awit menawi dipun terak badhe bilaheni tumrap pasangan penganten.

Sumber saking jogjatv.tv 26 Agustus 2016

Tanggapan wosing pawarta

Tanggapan sawijining pawarta bisa wujud pratelan lisan utawi tulisan kanthi ancas kanggo njlentrehaken panemu babagan apa kang mentas dirungu utawa diwaca. Aweh tanggapan utawa nanggapi pawarta ateges nelakake panemu gegayutan karo pawarta kang dirungokake utawa diwaca.

Sawise mangerteni pokok-pokok isi pawarta banjur bisa aweh tanggapan marang isi pawarta kang disemak utawa diwaca.

Dideleng saka isine, tanggapan isi pawarta bisa nuduhake pranyatan kang nelakake sarujuk, ora sarujuk, aweh panyaruwe (kritikan), muwuhi panemu utawa asung pamrayoga gegayutan isining pawarta.

Supaya bisa ngandharake tanggapan kanthi becik, kudu migateke menawa :

1. Tanggapan kudu laras karo isi pawarta.
2. Aweh tanggapan kudu apa anane / obyektif.
3. Ngandharake tanggapan kudu sinartan pawadan (alasan).
4. Senajan ora sarujuk, aja nganti nyalahake panemune wong liya. Aja nganti duwe panganggep menawa panemune dhewe kang paling bener.
5. Migunakake basa kang alus lan sopan.
6. Migunakake basa kang ringkes nanging cetha lan gampang dimangerteni liyan.

Titikane / Ciri-cirine tanggapan kang becik, yaiku :

1. Tanggapan mujudake pranyatan/pratelan.
2. Wujud lesan utawa tulisan.
3. Duwe ancas kanggo njlentrehake sawijining bab kang sadurunge dikandhakake dening wong
4. Tanggapan kang dipratelakake ora ngremehake panemune wong liya.
5. Tanggapan dikantheni pawadan.

Tanggapan saking wosing pawarta kanthi irah-irahan *Tradisi Penganten Mlampah Ngubengi Wit Ringin* wonten ing nginggil inggih menika tradisi penganten mlampah ngubengi wit ringan kalebet salah satunggaling cara kangge ngleluri budaya Jawi. Sedaya tradisi tamtu wonten ancas saha pawadan kenging menapa tradisi menika dipunwontenaken. Ananging miturut kula, kapitadosan babagan tradisi menika gumantung saking pribadinipun piyambak-piyambak. Wonten ingkang pitados bilih menawi boten dipunlampahi utawi dipun terak bakal bilaheni/nyilakani tumrap pasangan penganten. Wonten ugi ingkang boten pitados. Saengga kedah ngormati kapitadosanipun piyambak-piyambak.

F. Metode Pembelajaran

Pertemuan 3 dengan diskusi kelompok, penugasan dan demonstrasi

G. Media dan Alat Pembelajaran

Media : PPT, video pawarta, kertas berisi teks pawarta

H. Sumber Belajar

Suprpto, dkk. 2009. *Basa Jawi Piwulang Budi Pekerti*. Jakarta: Yudhistira.

www.jogjatv.tv

I. Langkah-langkah Pembelajaran

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 3

1. Kegiatan Pendahuluan (15 Menit)

- Berdoa, presensi, apersepsi
 - Memberikan motivasi.
 - Menjelaskan tujuan pembelajaran
 - Menyajikan teks berkaitan dengan berita berbahasa Jawa.
- 2. Kegiatan Inti (50 menit)**
- **Eksplorasi**
 Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :
 - ◆ Ciri-ciri tanggapan yang baik dan cara memberikan tanggapan yang baik dan benar terhadap teks berita.
 - ◆ Bagian-bagian teks berita dan cara menyusun berita dengan pedoman membuat berita.
 - **Elaborasi**
 Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan diskusi kelompok tentang :
 - ◆ Menyimak teks berita berbahasa Jawa.
 - ◆ Menanggapi isi dalam teks berita menggunakan cara dan pedoman yang benar.
 - ◆ Menyusun teks berita yang berada di lingkungan sekitarnya sesuai dengan pedoman penulisan berita.
 - ◆ Mempresentasikan hasil diskusi kelompok.
 - **Konfirmasi**
 Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :
 - ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
 - ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.
- 3. Kegiatan Penutup (15 menit)**
- Dalam kegiatan penutup guru :
- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
 - Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
 - Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
 - Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya.

J. Penilaian Hasil Pembelajaran

KD 4.2. Menanggapi berita berbahasa Jawa

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Teknik	Bentuk Instrumen	Instrumen
1. Menuliskan kalimat tanggapan terhadap isi berita?	Tes Praktek	Perintah	1. Gawea tanggapan marang pawarta bab pamekaring wisata ing tlatah

2. Menuliskan pokok-pokok berita.			Gunungkidul! 2. Gawe pokok-pokok pawarta bab wisata ing Kabupaten Gunungkidul!
-----------------------------------	--	--	---

Pedoman Penilaian

KD 4.2 Tiap nomor skor maksimal 10, Total skor 20

$$\text{Nilai Akhir} = \frac{\text{Perolehan skor}}{\text{Skor maksimal (20)}} \times \text{Skor (100) ideal} = \dots$$

Mengetahui

Yogyakarta, 23 September 2016

Guru Mata Pelajaran

Mahasiswa PPL,




Drs. Yuwono Sudiprayitno
NIP. 19660602 200801 1 003

Ria Apriliana
NIM. 13205241032

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Nama Sekolah : SMP N 2 Yogyakarta
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/ Semester : VIII/ Ganjil
Materi Pokok : Cerkak
Alokasi Waktu : 4 x 2 x 40 Menit (4 pertemuan)

A. Standar Kompetensi

1. Menghargai dan menghayati ajaran agama yang dianutnya
2. Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri, dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.
3. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.
4. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/ teori.

B. Kompetensi Dasar

- 3.3 Memahami cerita pendek berbahasa Jawa (cerkak).
- 4.3 Mengurai unsur-unsur cerkak.

C. Indikator Pencapaian Kompetensi

KD 3.3

- 3.3.1 Memahami tentang pengertian cerkak.
- 3.3.2 Memahami isi cerkak.
- 3.3.3 Memahami tehnik pembacaan cerkak dengan baik.
- 3.3.4 Praktek membaca cerkak dengan baik.

KD 4.3

- 4.3.1 Menyimak naskah cerkak.
- 4.3.2 Menemukan isi cerkak.
- 4.3.3 Mengidentifikasi tokoh dan perwatakanya dari naskah cerkak yang disimak.
- 4.3.4 Mengidentifikasi latar tempat, waktu, dan suasana berdasar naskah cerkak yang disimak.
- 4.3.5 Menemukan nilai-nilai moral yang dapat diteladani.

D. Tujuan Pembelajaran

Pertemuan 1

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu:

1. Menjelaskan tema cerita pendek yang dibaca.
2. Menjelaskan tokoh dan karakternya dari cerita pendek yang dibaca.
3. Menjelaskan alur cerita pendek yang dibaca.

4. Menjelaskan unsur kebahasaan berupa pilihan kata dari cerita pendek yang dibaca.

Pertemuan 2

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu :

1. Menjelaskan nilai moral dari isi cerita pendek yang dibaca.
2. Menjelaskan bebasan yang sesuai dengan isi cerita pendek yang dibaca.

Pertemuan 3

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu :

1. Menuliskan tema cerita cekak
2. Menentukan tokoh cerita dan perwatakannya.
3. Menentukan latar cerita.

Pertemuan 4

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi, siswa mampu :

1. Menentukan alur cerita secara sederhana.
2. Mengembangkan kerangka dalam sebuah cerita.

E. Materi Pembelajaran

1. Materi pembelajaran reguler

Cerkak

Cerkak cekakan saka tembung crita cekak. Cerkak yaiku crita gancaran kang ngandharake sarining kadadean utawa lelakon saka wiwitan tekan pungkasan kanthi cekak. Cerkak mung nyaritakake saperangan uripe paraga. Cerkak uga mung nyaritakake saparaga lan sakadadean. Saperangan uripe paraga dicaritakake kebak pradondi/konflik, kadadean kang nyenengake, utawa gawe sedhik kang angel dilalekake. Cerkak mujudake karangan kang fiktif. Isi cerkak padhet lan ringkes, critane mung sakeplasan wae, diwaca sepisan suwene 20 – 30 menit rampung.

Titik-titikane (ciri-ciri) cerkak :

- a. Isine cekak, amung sakeplasan wae (diwaca utawa dirungokake sapisan langsung tamat).
- b. Caritane fiktif (karangan)
- c. Paragane mung sethithik.
- d. Alur mung tunggal/siji
- e. Isine ngemot pitutur, panyaruwe (kritik), piweling lan pasemon)

Tuladha cerkak ngisor iki wacanen kang sora!

PETENG

Dening S.yadi



Indra lagi asyik ngelapi sepedhane. Kabeh diresiki ora ana kang kliwatan. Sela-selaning ruji uga ora keru. Tangan kiwane nyemproti nganggo cairan pengilap logam. Tangan tengene banjur ibut nggosoki nganggo suwekan kaos tilas sragam bal-balane. Rujine bola - bali digosok. Indra mesam-mesem.

Dheweke ngilo ing slebor sepedhane kang kincling meling-meling. Wayangane pancen katon cetha, nanging wujud malih dadi pating plethot urut karo wujud slebor sepedha. Sirahe Indra dadi dawa. Raine dadi lucu.

”Wis jam setengah pitu, Ndra. Ndang mangkat, mengko telat!” Simboke Indra ngelingake karo madhahi tela pohung ana ing bagor. Sedyane arep digawa menyang pasar.

”Ya iya, iki ya wis arep mangkat. Njaluk sangune, Mbok!” Indra wangsulan karo ngadeg, nguncalake gombal suwekan ana pojokan.

”Kae anane mung limang ewu. Aku lagi arep adol tela iki ing pasar, muga-muga wae mengko langsung dadi dhuwit,” wangsulane Mboke Indra karo ubat-ubet naleni bagor isi tela pohung.

”Mung limang ewu? Semono kuwi kanggo tuku apa, Mbok?” Indra mecucu. Ora let suwe Indra wis nyangklong tas ireng lecek. Ing pinggir ana gambar tengkorak- e. Sepedha banjur dicengklak, ora suwe Indra banjur nggeblas. Ibune gedheg-gedheg karo unjal ambegan.

Thet ... thet ... thet Swara bel sekolah tandha mlebu wis muni. Swarane seru ngaget- ngageti. Ngalahake swarane bocah kang padha pating bengok ing latar sekolah. Bareng krungu swara bel, banjur padha baris urut ing ngarep kelase dhewedhewe. Jenenge bocah, wis baris ya isih kober gojegan, geret-geretan. Siswa lanang-lanang ana saperangan kang pancen rada nyebahi. Bocah-bocah mau lagi gelem anteng nalika weruh bapak ibu guru sing wis miyos saka ruang guru tumuju ing kelas.

”Sugeng enjing para siswa,” Bu Weni guru kelas telu paring salam.

”Sugeng enjing, Bu,” para siswa wangsulan.

”Sapa sing ora mlebu dina iki?” Bu Weni mbacutke pitakon.

”Indra ..., Bu. Sampun gangsal dinten,” Jatmika ketua kelas atur wangsulan.

”Apa ana sing ngerti, neng ngendi Indra kok wis limang dina ora mlebu?” pitakone Bu Weni maneh.

”Esti niku sing ngertos, Bu!” Bagiyo celathu.

”Boten dhing, Bu. Kula boten ngertos,” Esti bocah wadon lemu ginuk-ginuk gage nrambul matur gurune. Kanca-kancane ger-geran.

”Wis-wis, aja mbeda kanca ta, ora becik! Ya wis, mengko dakrembugan karo guru BP,” Bu Weni ngendika. Wulangan banjur diwiwiti. Bocah-bocah banjur padha meneng nggatekake piwulange Bu Weni, guru ayu tur pinter idholane bocah-bocah.

Dina candhake, langit mendhung. Dalan-dalan isih teles. Ing papan-papan legokan, banyu katon isih ngembong. Udan mau bengi sajake rada deres. Banyu-banyu udan kang ana ing godhong isih padha netes. Kaya luh kang netes saka mripate Mboke Indra kang bola-bali diusapi nganggo kacu lusuh.

”Estu Bu, kula boten mangertos menawi anak kula ngaten menika. Lha wong menawi enjing pamitipun nggih sekolah, nggih sragam, Bu. Malah nggih nyuwun sangu barang, Bu!” Mboke Indra crita ndhrindhil.

”Inggih Bu, kula mangertos, nanging yektosipun makaten Indra sampun gangsal dinten boten mlebet tanpa katrangan. Kamangka, kalih minggu malih sampun UNAS. Lha miturut dhata, Indra dereng nate lulus saben wonten latihan ujian. Menika rak mrihatosaken. Mila, Ibu kula aturi rawuh mriki supados mangertosi underaning perkara kadadosan menika,” Bu Weni njlentrehake kahanan. Swasana ing njaba saya peteng amarga mendhunge saya kandel, malah banjur grimis. Banyu udan kang netes saka gegodhongan saya akeh kaya luhe Mboke Indra kang ora bisa kabendung mrebes mili dleweran neng pipine.

Wengi saya peteng. Kahanan sepi nyenyet. Walang-walang kang lumrahe muni padha meneng. Kaya-kaya melu rumangsa wegah arep padha gojegan. Wong ing Desa Kemiri, ya desane Indra, padha milih kemul sarung sinambi nonton televisi. Gerdhu sing biyasane ger-geran uga sepi nyenyet kaya kuburan. Hawa adhem njekut, nanging ora mangkono swasana ing omahe Indra. Hawane krasa panas.

”Lha kowe ki kok ngapusi barang ta, Ndra? Karepmu ki kepriye? Pamitmu jare sekolah, nanging nyatane kowe ora tekan sekolahan. Simbok isin ditimbali neng sekolahan, Le! Simbok isin! Hara, saiki aku daktakon! Ora sekolah ki kowe lunga nyang ngendi?” mboke Indra ngedrel takon.

”Dolan,” Indra wangsulan cekak aos karo ethok-ethok bikut ndandani sepedhane. Cagak slebor ngarep tugel entuk pojokan gerdhu wingi awan.

”Dolan? Dolan neng ngendi?” Mboke Indra takon maneh.

”Dolan ya dolan,” Indra wangsulan karo mecucu.

”Ndra, ngendikane Bu Guru, ujian kari rong minggu. Yen kowe nganti ora sinau tenanan, ya ora bisa lulus,” mboke Indra ngelingake.

”Walah Mbok, sinau ya ora lulus, ora sinau ya ora lulus, padha wae. Aku metu wae saka sekolah, Mbok!” Indra ngadeg ngukuti kunci-kunci. Kabeh diuncalake ing kothak. Swarane pating krompyang.

”Metu? Metu piye ta, Ndra? Mung kurang rong minggu thok lho, Ndra!” Mboke Indra nyuwara rada seru.

”Metu ya metu Mbok! Aku wegah sekolah maneh. Aku ora bisa lulus. Kanca-kanca wis kandha. Guru-guru ya ngono,” Indra wangsulan seru karo mlaku metu nlusup petenging wengi. Mboke Indra njegreg. Napase ngangsur-angsur. Dumadakan panyawange kumepyur banjur pet. Kabeh peteng.

(Kapethik saking Mutiyara Basa Jawa 3 : 3-5)

Tegese tembung saka crita cekak “Peteng”

Wayangan	: bayangan
saperangan	: sabagian
Katon	: ketok
yektos	: yekti, tenan, benar
Malih	: malik
ndhrindhil	: terus-terusan tanpa leren
Bagor	: kanthong wadhah gabah/beras
kabendung	: diendheg
Sedya	: karep
gerdhu	: pos rondha
Let	: wates
ngedrel	: njaluk/ngejak tanpa mandheg

Nilai Moral saka Cerkak “Peteng” anggitané S. Yadi.

1. Anak kudune mbangun miturut/ bekti marang wong tuwane.
2. Dadi siswa kudu sregep sekolah.
3. Tatag ngadhepi pepalang.
4. Wani rekasa kanggo ngadhepi gegayuhan.

Bebasan kang ana sesambungane karo crita cekak “Peteng”

1. Anak polah bapa kepradhah.
2. Rawe-rawe rantas malang-malang putung.

3. Mrojol selaning garu.
4. Jer basuki mawa beya.

Unsur Intrinsik cerkak yaiku unsur kang ndhapuk cerkak.

Ide pokok cerkak bisa saka kadadean nyata utawa pengalaman urip, nanging caritane diuwuh-wuwuhi dening penganggit supaya bisa ndudut kawigaten pamaca. Supaya cerkak bisa ndudut, penganggit mung ngendelake teknik penulisan kayata tema, paraga, plot/alur lan lelewaning basa.

Unsur instrinsik cerkak :

1. Uderan (tema), yaiku prekara kang dadi landhesan utawi dhasaring crita.
2. Piweling (amanat, pesan moral), inggih menika pesen pangripta kanggo para pamaos. Piweling utawa pesen iku wujud pitutur.
3. Paraga lan watak paraga

Paraga yaiku wong utawa arane wong kang dicritakake utawa dadi underaning crita ing cerkak. Paraga ing cerkak ana kang watake becik, ana uga kang watakke ala. Watak wantune paraga bisa kanggo mbedakake paraga siji lan sijine. Dene cara kanggo nggambarake wataking paraga bisa kanthi cara :

- Katrangan langsung kang diandharake dening pangripta.
- Lumantar caturan/pacelathon ing antarane para paraga.
- Kelakuan, tumindak, lan kadadean-kadadean kang dialami dening para paraga.

Jinising paraga ing cerkak :

- a. Paragatama, paraga kang dadi underaning lakon.
 - b. Paraga antagonis, paraga kang mungsuhi paragatama lan watake awon.
 - c. Paraga protagonis, paraga kang watake becik.
 - d. Paraga tritagonis, paraga kang nduweni watak wicaksana. Paraga kang bisa ngrukunake paraga liya kang padha padudon.
4. Latar, setting (padunungan, wektu lan swasana crita)
- Latar iku gegayutan karo papan/panggonan, wektu, lingkungan sosial, lan swasana kang dadi landhesan kadadean ing crita.
5. Alur crita (plot), lakuning crita kang sambung sinambung ndhapuk crita kang wutuh.

Alur kadhapak kanthi urutan kadadean satemah bisa dhapak alur maju, alur sorot balik (flash back), lan alur campuran.

- a. Alur maju, urutan crita saka kadadean kang wis kapungkur maju nganti kadadean saiki.
- b. Alur mundur, urutan crita saka kadadean saiki mundur ing kadadean kang wis kepungkur.
- c. Alur campuran, campuran antarane alur maju lan alur mundur.

Rantaman kadadean kang ndhapuk alur kaperang ing tataran-tataran alur maju kang diwiwiti saka:

- a. Pitepungan kahanan wiwitan (expoisisi), nggambarake kahanan paragatama, kepriye pawakane, watak wantune kulawargane, lingkungan kerja utawa lingkungan sekolah.
- b. Ngandharake wiwit tuwuh pradondi/konflik (komplikasi)
- c. Pradondi gawat (klimaks), perangan kang ngandharake gawat-gawating pradondi.

- d. Pradondi mendha (anti klimaks), pradondi kang diadhepi paragatama sathithik mbaka sethithik wiwit bisa diudhari.
 - e. Ngrampungake pradondi (resolusi), pradondi wis rampung.
6. Pamawas pangripta (sudut pandang), yaiku carane pangripta netepake dhiri pribadine ing crita.
- a. Pamawas wong kapisan, pangripta mapanake dhiri pribadi minangka paraga. Ing kene pangripta migunakake tembung “aku” minangka paraga. Kanthi pamawas wong kapisan pangripta bisa dadi paraga.
 - b. Pamawas wong katelu, pangripta mapanake dhiri pribadi minangka pancarita. Ing cerkak iki pangripta nyaritakake isining cerkak kanthi nyebut araning paraga-paraga.

2. Materi pembelajaran remedial

Cerkak kanthi irah-irahan Peteng karya S.Hadi.

Unsur instrinsik cerkak :

1. Underan (tema), yaiku prekara kang dadi landhesan utawi dhasaring crita.
2. Piweling (amanat, pesan moral), inggih menika pesen pangripta kanggo para pamaos. Piweling utawa pesen iku wujud pitutur.
3. Paraga lan watak paraga

Paraga yaiku wong utawa arane wong kang dicritakake utawa dadi underaning crita ing cerkak. Paraga ing cerkak ana kang watake becik, ana uga kang watake ala. Watak wantune paraga bisa kanggo mbedakake paraga siji lan sijine. Dene cara kanggo nggambarake wataking paraga bisa kanthi cara :

- Katrangan langsung kang diandharake dening pangripta.
- Lumantar caturan/pacelathon ing antarane para paraga.
- Kelakuan, tumindak, lan kadadean-kadadean kang dialami dening para paraga.

Jinising paraga ing cerkak :

- a) Paragatama, paraga kang dadi underaning lakon.
 - b) Paraga antagonis, paraga kang mungsuhi paragatama lan watake awon.
 - c) Paraga protagonis, paraga kang watake becik.
 - d) Paraga tritagonis, paraga kang nduweni watak wicaksana. Paraga kang bisa ngrukunake paraga liya kang padha padudon.
4. Latar, setting (padunungan, wektu lan swasana crita)
Latar iku gegayutan karo papan/panggonan, wektu, lingkungan sosial, lan swasana kang dadi landhesan kadadean ing crita.
5. Alur crita (plot), lakuning crita kang sambung sinambung ndhapuk crita kang wutuh.

Alur kadhapuk kanthi urutan kadadean satemah bisa dhapak alur maju, alur sorot balik (flash back), lan alur campuran.

- a) Alur maju, urutan crita saka kadadean kang wis kapungkur maju nganti kadadean saiki.
- b) Alur mundur, urutan crita saka kadadean saiki mundur ing kadadean kang wis kepungkur.
- c) Alur campuran, campuran antarane alur maju lan alur mundur.

Rantaman kadadean kang ndhapuk alur kaperang ing tataran-tataran alur maju kang diwiwiti saka:

- Pitepungan kahanan wiwitan (exposisi), nggambarake kahanan paragatama, kepriye pawakane, watak wantune kulawargane, lingkungan kerja utawa lingkungan sekolah.
- Ngandharake wiwit tuwuh pradondi/konflik (komplikasi)
- Pradondi gawat (klimaks), perangan kang ngandharake gawat-gawating pradondi.
- Pradondi mendha (anti klimaks), pradondi kang diadhepi paragatama sathithik mbaka sethithik wiwit bisa diudhari.
- Ngrampungake pradondi (resolusi), pradondi wis rampung.

3. Materi pembelajaran pengayaan

Cerkak kanthi irah-irahan “Peteng” karya S.Hadi.

Pamawas pangripta (sudut pandang), yaiku carane pangripta netepake dhiri pribadine ing crita. Ana 2 jinis sudut pandang :

- a. Pamawas wong kapisan, pangripta mapanake dhiri pribadi minangka paraga. Ing kene pangripta migunakake tembung “aku” minangka paraga. Kanthi pamawas wong kapisan pangripta bisa dadi paraga.
- b. Pamawas wong katelu, pangripta mapanake dhiri pribadi minangka pancarita. Ing cerkak iki pangripta nyaritakake isining cerkak kanthi nyebut araning paraga-paraga.

F. Metode Pembelajaran

1. Pertemuan 1 dengan Diskusi kelompok, Tanya jawab
2. Pertemuan 2 dengan diskusi kelompok dan Tanya jawab
3. Pertemuan 3 dengan diskusi kelompok, mind mapping dan penugasan
4. Pertemuan 4 dengan diskusi kelompok dan penugasan

G. Media, dan Alat Pembelajaran

Media : Ppt,

Alat : teks berisi cerkak, kertas HVS, spidol warna

H. Sumber Belajar

Diktat Pelajaran Bahasa Jawa Semester 1, Suyati,S.Pd

Internet

Mutiyara Basa Jawi Kelas 8

I. Langkah-langkah Pembelajaran

Pertemuan 1

1. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan teks /naskah cerita pendek.

2. Kegiatan Inti (50 menit)

- **Eksplorasi**

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian cerkak
- ◆ Pengertian tema

- ◆ Pengertian tokoh cerita dan perwatakan.
 - ◆ Pengertian alur cerita.
 - **Elaborasi**
 Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan kegiatan diskusi kelompok tentang :
 - ◆ Menyimak teks cerkak “Peteng”
 - ◆ Mengidentifikasi dan menuliskan apa-apa yang diamati.
 - ◆ Mengidentifikasi tema cerita.
 - ◆ Mengidentifikasi tokoh cerkak dan perwatakannya.
 - ◆ Mengidentifikasi alur cerkak yang dibaca.
 - ◆ Mempresentasikan hasil diskusi bersama kelompok.
 - **Konfirmasi**
 Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :
 - ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
 - ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.
- 3. Kegiatan Penutup (15 menit)**
 Dalam kegiatan penutup guru :
- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
 - Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
 - Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
 - Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 2

1. Kegiatan Pendahuluan (15 Menit)

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan teks cerkak “Peteng”

2. Kegiatan Inti (50 menit)

• Eksplorasi

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian makna kata yang terkandung dalam teks cerkak.
- ◆ Nilai moral dalam cerkak.
- ◆ Bebasan.

▪ Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Makna kata-kata dari teks cerkak secara gramatikal.
- ◆ Nilai moral berkaitan dengan cerkak yang disimak.
- ◆ Bebasan yang sesuai dengan nilai moral dari cerkak.

▪ Konfirmasi

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

3. Kegiatan Penutup (15 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remedi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 3

1. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan tayangan tentang unsur cerkak.

2. Kegiatan Inti (50 menit)

• Eksplorasi

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian unsur-unsur cerkak.

▪ Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan kegiatan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Menentukan tema tentang social menggunakan mind mapping.
- ◆ Mengidentifikasi dan menuliskan tokoh-cerkak dan perwatakannya menggunakan mind mapping.
- ◆ Mengidentifikasi dan menuliskan latar cerita menggunakan mind mapping.
- ◆ Mengidentifikasi dan menentukan alur cerita menggunakan metode mind mapping (peta konsep).

▪ Konfirmasi

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberikan tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

3. Kegiatan Penutup (15 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remedi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

Kegiatan Pembelajaran Pertemuan 4

1. Kegiatan Pendahuluan 15 Menit

- Berdoa, presensi, apersepsi
- Memberikan motivasi.
- Menjelaskan tujuan pembelajaran
- Menyajikan tayangan tentang unsur cerkak.

2. Kegiatan Inti (50 menit)

• Eksplorasi

Dalam kegiatan eksplorasi guru menyajikan dan menjelaskan tentang :

- ◆ Pengertian alur cerita.
- ◆ Pengertian amanat.

▪ Elaborasi

Dalam kegiatan elaborasi siswa melaksanakan diskusi kelompok tentang :

- ◆ Menentukan alur cerita melanjutkan pembelajaran minggu sebelumnya.
- ◆ Menentukan amanat yang akan disampaikan.
- ◆ Mengembangkan kerangka cerita dalam paragraph.

▪ Konfirmasi

Dalam kegiatan konfirmasi guru bersama siswa :

- ◆ Memberika tanggapan atas hasil eksplorasi dan elaborasi peserta didik melalui berbagai sumber.
- ◆ Memberikan umpan balik positif dan penguatan dalam bentuk lisan, tulisan maupun hadiah atas keberhasilan peserta didik.

3. Kegiatan Penutup (15 menit)

Dalam kegiatan penutup guru :

- Bersama-sama dengan peserta didik membuat simpulan pelajaran.
- Melakukan penilaian terhadap kegiatan pembelajaran yang telah dilakukan
- Merencanakan kegiatan tindak lanjut dalam bentuk remidi, pengayaan dan layanan konseling serta pemberian tugas baik secara individu maupun kelompok.
- Menyampaikan rencana materi untuk kegiatan pembelajaran berikutnya

J. Penilaian Hasil Pembelajaran

Penilaian dilaksanakan selama proses dan setelah pembelajaran

KD 3.3. Memahami cerita pendek berbahasa Jawa (cerkak).

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Tehnik	Bentuk Instrumen	Instrumen
1. Menjelaskan tema cerita pendek yang dibaca. 2. Menjelaskan tokoh dan karakternya dari cerita pendek yang dibaca. 3. Menjelaskan alur cerita pendek yang dibaca. 4. Menjelaskan nilai moral dari isi cerita pendek yang dibaca. 5. Menjelaskan bebasan yang sesuai dengan isi cerita pendek yang dibaca.	Tes Kinerja	Tes Tertulis	1. Apa bakuning crita cekak “Peteng” kasebut? 2. Sapa wae paragane lan kepriye watake paraga-paraga kasebut? 3. Kepriye runtuting crita kasebut? 4. Piwulang utawa pitutur apa kang bisa kokjupuk saka cerkak kasebut? 5. Sebutna bebasan kang trep kanggo pitutur kasebut!

KD 4.3. Mengurai unsur-unsur cerkak

Indikator Pencapaian Kompetensi	Penilaian		
	Tehnik	Bentuk Instrumen	Instrumen
1. Menentukan tema 2. Menentukan tokoh dan perwatakannya. 3. Menentukan latar cerita. 4. Menentukan alur cerita. 5. Menentukan amanat	Tes Kinerja	Tes Tertulis	1. Temtokna bakuning crita kang magepokan babagan sosial masyarakat! 2. Temtokna para lan wewatakane! 3. Temtokna papan, wektu kedadeyaning crita! 4. Temtokna lakuning crita/alure 5. Temtokna pituture/amanate!

Pedoman Penskoran

KD 3.3 Tiap nomor skor maksimal 4, Total skor 20

KD 4.3 Tiap nomor skor maksimal 4, Total skor 20


$$\text{Nilai Akhir} = \frac{\text{Perolehan skor}}{\text{Skor maksimal (40)}} \times \text{Skor (100) ideal} = \dots$$

Mengetahui

Yogyakarta, 23 September 2016

Guru Mata Pelajaran

Mahasiswa PPL,


Drs. Yuwono Sudiprayitno
NIP. 19660602 200801 1 003



Ria Apriliana
NIM. 13205241032

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Satuan Pendidikan	: SMP Negeri 2 Yogyakarta
Kelas/Semester	: VIII/2
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Materi Pokok	: Geguritan
Alokasi Waktu	: 8 x 40

Standar Kompetensi

1. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata
2. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret menggunakan, mengurai, merangkai, modifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori

Kompetensi Dasar

- 3.4 Memahami puisi Jawa (*geguritan*).
4.4 Membaca *geguritan*.

Indikator

- 3.4.1. Siswa mampu mengartikan kata dalam geguritan tersaji
3.4.2. Siswa mampu menceritakan isi geguritan tersaji
3.4.3. Siswa mampu menyebutkan pesan moral dalam geguritan tersaji
3.4.4. Siswa mampu menemukan unsur keindahan dalam geguritan tersaji
3.4.5. Siswa mampu menemukan wangsalan dalam tembang campursari “Wuyung”.
4.4.1. Siswa mampu membaca geguritan dengan 4W (Wicara, Wirasa, Wirama dan Wiraga)
4.4.2. Siswa mampu menulis geguritan

A. Tujuan Pembelajaran

Pertemuan Pertama:

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi kelompok peserta didik dapat:

1. Mengartikan kata sulit dalam geguritan dengan benar (*bekerja keras, mandiri*).
2. Menjelaskan isi geguritan dengan benar (*berani*).
3. Menjelaskan pesan moral/amanat geguritan dengan tepat (*berani, kreatif*).

Pertemuan Kedua:

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi kelompok peserta didik dapat:

1. Menemukan unsur keindahan dalam geguritan tersaji
2. Menemukan wangsalan dalam tembang campursari “Wuyung”.

Pertemuan Ketiga:

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi kelompok peserta didik dapat membaca geguritan dengan teknik 4W dengan tepat (*kreatif*)

Pertemuan Keempat:

Setelah selesai pembelajaran melalui diskusi kelompok peserta didik dapat menulis geguritan.

B. Materi Pembelajaran

Materi Reguler

Pertemuan Pertama:

Geguritan

Geguritan asale saka tembung gurit, kang tegese kidung utawa tulisan. Geguritan yaiku pusi Jawa gagrag anyar sing ora kaiket guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu, nanging isih ngugemi anane rasa kaendahan. Kaendahane geguritan gumantung marang pilihan tembung (diksi); lelewaning basa (majas), basa ringkes nanging sugih teges, migunakake tembung entar (tembung kang ngemu teges ora sabeneru).

Titikane geguritan yaiku:

1. Ora kawengku ing pathokan
2. Basane mentes / dudu basa padinan
3. Migunakake tembung-tembung kang pinilih
4. Cacahe larikan ora katemtokake
5. Isine mente

Unsur-unsur geguritan :

1. Tema

Tema mujudake gagasan pokok utawa punjering prakara kang diwahyakake penganggit. Tema minangka landhesan kanggo nulis geguritan.

2. Rasa-pangrasa

Tembung-tembung kang dirakit ing geguritan nduweni teges lan nduweni piguna kanggo nuwuhake rasa pangrasa. Rasa-pangrasa iku bisa wujud rasa seneng, susah, kangen, ngalembana, gumun, bingung, kawatir, ngagungake Gusti utawa Nabi lan sapiturute.

3. Piweling (amanat, pesan moral)

Piweling/amanat yaiku bab kang kepingin diwedharake panulis marang pamaos. Piweling ora katulis kanthi terang terwaca ananging sinandhi ana ing pangarakiting tembung-tembung.

4. Pilihan tembung (diksi).

Tembung-tembung ing geguritan kapilih kanthi njlimet kanggo nelakake rasa pangrasane panulis geguritan. Geguritan iku bisa becik lan orane gumantung panulis anggane milih tembung-tembunge. Tembung-tembunge kudu laras karo ide utawa gagasan kang diandharake

Upaya geguritankaton endah, panulis bisa nyisipi tembung-tembung Kawi, tembung garba utawa tembung-tembung mawa seselan er, el, in utawa um.

- a. Tembung Kawi yaiku tembung-tembung Jawa kuna. Tembung-tembung Kawi kang isih lumrah digunakake ing geguritan, kayata : tan, datan, wruh, soca, wardaya, kingkin, lan sapiturute.
- b. Tembung garba, yaiku tembung loro utawa luwih kagandheng dadi siji sarana nyuda cacahé wanda. Tuladha : saking, tumekeng, prapteng
- c. Seselan utawa sisipan, yaiku wuwuhan kang dumunung satengahe tembung. Seselan in ing tembung ginawa, ginawe, siniwaka, tinarbuka
Seselan um ing tembung tumiyung, tumungkul, tumeka, cumetha,
Seselan el ing tembung gelendhot, gelebyar, kelepyur
Seselan er ing tembung kerelip, keretep

5. Imaji

Tembung ing geguritan bisa nuwuhake gegambaran utawa imajinasi (khalayan) wong kang maca utawa ngrungokake. Kanthi wewayangan kasebut kang maca lan ngrungokake bisa melu ngrasakake lan ndeleng sawijining bab utawa kadadean kaya kang dikarepake dening panulis.

Tuladha : kae lho sawangen ,

abang putih wis kumlebet ing angkasa

Nalika maca utawa krungu gatra iku, ing wewayangane kang maca utawa kang ngrungokake bisa tuwuh gegambaran gendera merah putih kang dikerek lan kumlebet obah kena angin.

6. Purwakanthi

Purwakanthi yaiku runtuting swara, sastra utawa tembung kang ngarep karo perangan buri, kanthi mbaleni swara (vokal), mbaleni tembung, kelompok tembung (frasa) utawa ukara.

Purwakanthi bisa diperang dadi 3 yaiku:

- a. Purwakanthi guru swara:

Runtuting swara perangan kang ngarep karo tibaning swara perangan kang buri.

Tuladha : 1). Guruu iku digugu lan ditiru. (purwakanthi guru suwara suwara u)

2). Gemi setiti lan ngati-ati

- b. Purwakanthi guru sastra:

Padhaning sastra (konsonan) perangan kang ngarep karo perangan kang buri.

Tuladha : 1). Wong wadon kudu gemi, setiti lan ngati-ati.

(purwakanthi sastra t)

2). Sluman slumun slamet. (purwakanthi sastra m)

- c. Purwakanthi basa/lumaksita

Padhaning tembung, kelompok tembung utawa ukara perangan kang ngarep karo perangan kang buri.

Tuladha : 1). Putra kang kaladuk **wani**,

Wani mring bapa biyung mligi

Datan bisa urip mulya

Datan bisa manggih raharja

Ing donya tumekeng delahan rekasa

7. Lelewaning basa (Majas) yaiku tembung kang digunakake panulis kanggo nyaritakake sawijing bab kanthi cara mbandhingake karo barang utawa tembung liyane.

Lelewaning basa utawa gaya bahasa iku ing basa tulis lumrah digunakake nalika nulis sawijining karya sastra kang ancas tujuwane kanggo makili nglairake rasa pangrasane penulis. Gaya bahasa utawa lelewaning basa iku antarane:

- a. Metafora

Metafora yaiku lelewaning basa kang nandhingake rong perkara kang beda kanthi migunakake tembung liya adhedhasar padhane sifat kang diduweni.

Tuladha : 1). Kapilut ayuning si **kembang desa**

Datan emut mring garwa putra

- b. Personifikasi

Personifikasi yaiku lelewanin basa kang nggambarake barang-barang mati kaya-kaya urip lan nduweni sipat kaya manungsa.

Tuladha : 1). **Ghodhong-godhong sajak ngawe-awe**

Ngoyak angin nut lakune

2). **Eseme rembulan** tan kuwawa ngilangi sungkawa

- c. Perumpamaan

Perumpamaan yaiku gaya bahasa nandhingake rong warna kang beda nanging dianggep padha. Lumrahe migunakake tembung kaya, kadya utawa pindhha. Ing kasusastran Jawa bisa diarani pepindhan.

Tuladha : 1). Rikma cemeng ngembang bakung

2). Pakulitane kang kuning nemu giring.

RIKALA SEMANA

Anggitan: Bunda Gini

Rinonce tetembungan kang manis
mengku sedyu ngelingake
rikala semana dasa warsa kepungkur
marga sela den pecaki

pindha narmada asat tanpa toya
kagubel rasa tresna mring nusa bangsa
den sebar wiji sesawi isi kawruh ngelmi
pinangka sangu bocah pareden kae

Ora krasa tiba ing sapinggiring marga
ana kang tuwuh ing lemah cadhas
ana kang tumiba ing lemah bera
ana kang tuwuh ing lemah loh
lan ora sithik kang tuwuh ing eri bebondhotan

Sepuluh taun kawuri tansah dadi pangling-eling
ora nyana tan kinira
saiki wis ngrembaka
bocah desa kae wis bisa nyawang
endahing panguripan kang ginadhang

Mbokmenawa wengi iki...
isih ana tetembungan kang manis bisa rinonce maneh
dawane wengi kang atis nggegirisi
tanpa swara sela mringis menthelis dadi seksi
isih ana wiji sesawi kang nylilit lan nylempit
den goleki kanthi ati rinujit-rujit
dhuh Gusti... paringana ati kanggo nggurit
apa isih ana tembung lungit kang kudu rinakit???

(Saptosari, 22 Februari 2015)

Kanggo mangerteni utawa paham isi geguritan pancen ora gampang, jer geguritan pancen dudu crita kang tetembungane wantah, nanging tembung-tembunge pilihan, mentes, lan nduweni teges entar. Ana sawetara pituduh kang bisa katindakake murih gampang nintingi geguritan, yaiku:

1. Digatekake irah-irahan utawa judhule. Irah-irahan minangka cendhela kanggo anguk-anguk kayangapa utawa kepriye isine geguritan. Irah-irahan minangka gambaran apa kang diwedharake ing geguritan.
2. Nyoba mangerteni tegese tembung mbaka tembung, kalebu tegese tembung entar, tembung kang tegese ora kaya kang disebutake, nanging nduweni teges beda. Upama, adus kringet, ora ateges adus nganggo kringet nanging nduweni teges nyambutgawe abot.
3. Supaya bisa mangerteni isine geguritan, geguritan kasebut bisa didadekake andharan/prosa/parafrase luwih dhisik.
4. Geguritan mono mentes, ora mlaha utawa thok leh apa anane, mula kudu digoleki saripathi kang disingatake dening kang nganggit. Digoleki nuli dionceki.

Pertemuan Kedua

Wangsalan

Wangsalan iku unen-unen saemper cangkriman nanging wis ngandhakake batanganane senajan ora kanthi melok/cetha.

1. Wangsalan lamba yaiku wangsalan kang mung isi batangan (tebusan) siji. Unen-unen wangsalan lamba mung saukara kang kadadean saka rong gatra. Gatra kang

ngarep isi wangsalan, gatra sing mburi isi batangané.

Tuladha :

- a. Jenang gula ya Dhik, aja lali welingku!

Gatra **jenang gula** minangka wangsalane, dene batangané dumunung ing gatra **aja lali welingku**, ing tembung **lali** yaiku wanda **li**.

Jenang gula (gula sing digawe jenang) batangané glali

- b. Dik, kok njanur gunung, kadingaren gelem dolan mrene.

Wangsalane yaiku **janur gunung**, dene batangané ing gatra **kadingaren dolan mrene**, ing tembung **kadingaren** yaiku **aren**. Janur gunung (wit janur sek uripe ing pegunungan) batangané **aren**.

2. Wangsalan padinan yaiku ana sing nganggo nyebutake batangané, lan ana sing tanpa nyebutake batangané, marga wong-wong sing pandha krungu (maca) dianggep wis ngerti batangané.

Tuladha :

Wong kae sajatine wis krungu kandhaku, nanging njangan gori.

Wangsalane **njangan gori**. Jangan gori arane gudhèg. Njangan gori = nggudhèg.

Wangsalan njangan gori batangané yaiku mbudheg (api-api ora krungu)

3. Wangsalan edi-peni yaiku wangsalan sing mawa paungeran .

1. Unen-unene kadadean saka 2 ukara (wangsalan rangkep)
2. Saben saukara kadadean saka 2 gatra (4 wanda + 8 wanda)
3. Ukara kang kapisan (yaiku kang isi wangsalan) mawa purwakanthi guru swara lan purwakanthi basa utawa purwakanthi lumaksita.

Tuladha: Tepi wastra, wastra kang tumrap mustaka. (Kemada,iket)

Mumpung mudha, nggegulanga ngiket basa.

Pertemuan Ketiga

Latihan dhasar maca geguritan;

1. Latihan maca paling ora kaping telu utawa papat saben irah-irahan/judhul. Maca ing papan kang “terbuka” lan bebas.
2. Latihan pernapasan, bisa nggunakake suwara dhadha lan weteng. Suwara dhadha biasane sora (kanggo nesu, njerit, lsp). Dene suwara weteng biasane kanggo bab-bab kang gawe geter, jero, sedhih, lsp).
3. Latihan ngucapke vokal/aksara swara kang diarani *senam mulut/bibir/gigi*. Latihan ngucapke vokal *sawanda* (*dhorrrr, dherrrr, tharrrr, hee, hemmm, eh, lsp*), *rong wanda* (*geger, teter, mbeler, teler, beser, emper, lsp*), *telung wanda* (*laramu, atimu, tapamu kancamu, godhaning, lsp*), *patang wanda* (*sesanggeman, gembiraning, tumlawunging, lsp*).
4. Latihan “gerak mimik” utawa obahing praenan. Upamane mripat merem, mentheleng, panyawang kang landhep utawa malah kosong, digabung karo obahing lambe, pilingan, lsp.

5. Obahing tangan ora perlu sraweyan. Ora kabeh tembung digambarake mawa obahing tangan, samadya wae.
6. Latihan akting: mlaku ing ngarepe kanca-kancane, lungguh ijen, pandeng-pandangan karo kanca, ngguyu, sedhah, lsp.

Cathetan nalika maca geguritan:

1. Maca irah-irahan lan jenenge penganggit. Kena diwalik, endi kang dhisik. Iki wajib, kudu diwaca.
2. Kena lungguh banjur ngadeg utawa suwalike. Menawa mlaku kudu dislarasake klawan irama kapan mandheg kudu ing swasana akting.
3. Ngungkurake penonton aja kesuwen, 5-10 menitan. Sedhela kena, aja suwe-suwe.
4. Ing wiwitan lan pungkasan maca ora kudu hormat, sanadyan ing lomba. Ora kudu salam, apamaneh ngenalake dhiri pribadine.
5. Menawa ana tembung kang kliwatan ora perlu dibaleni, ora kaya siaran berita ing tv.

Sing kudu digatekake nalika maca Geguritan:

1. **Wicara/Kualitas Vokalya** kualabecike aksarasuwara/*dhang-dhingebasa*, pocapan/*lafal* (a, å, i, o, è, é, ê, ta, tha, da, dha) Pamacanegeguritan, pocapan kuduucetha, orakenagroyok, peloutawarangu-rangu, kejabakuwipamacanegeguritan kudu bisangucapake aksarakanthibener, umpaminembedakakenaksara (a, å, i, o, è, é, ê, ta, tha, da, dha)
2. **Wirama/Tata cara/Etika** maca Geguritan yaiku *lagu/iramane*, maca geguritan, bisa minangka pandudut (*daya tarik*) kanggone sing ngrungokake. Banter alone wiramane becik kalarasake karo isine geguritan. Lamun maca geguritan kanthi dhasar karangan (*tema*) perjuangan pamacane gurit sing sora lan semangat, beda karo yen maca geguritan isi kesusahan, kasmaran pamacane ya kudu luwih alon lan sareh.
3. **Wirasa/Greged/ penjiwaan /Pemahaman** tegese isi Geguritan, cocok/penere anggone negesi Geguritan. Wirasane nalika maca kudu kaetrepken karo isining geguritan umpamane : nesu, gumbira, sedhah, sereng, wibawa, getun, lan sapanunggalane.
4. **Wiraga/Ekspresi/mimik** yaiku cocok/jumbuhing solah bawa obahing badan, polatan, rasa. Obahing badan lan polatan (*mimik*) kudu luwes (ora kaku), prasaja lan ora katon lamun digawe-gawe.

Pertemuan Keempat

Nulis Geguritan

Nulis geguritan ora angel. Nulis geguritan bisa lelandhesan pengalaman uripe dhewe utawa manut rasa pangrasa kang nembe dirasakake. Nalika ati lagi seneng, kasmaran, kapunggel tresna, kuciwa utawa sedhah, bisa minangka inspirasi kanggo nulis geguritan. Pangarep-arep lan panjangka uga bisa dadi inspirasi nulis geguritan. Kang baku bisa mahyakake utawa medharake rasa pangrasa mau kanthi basa lan pilihan tembung-tembung kang laras.

Geguritan mujudake kasusastran kang dumadi saka larik lan pada. Larik lan pada ing geguritan kadhapuk saka tembung-tembung, kelompok tembung utawa ukara kang endah, edi peni lan ngemot teges.

Cara kanggo nggampangake nulis geguritan, yaiku :

1. Nentokake underaning gagasan utawa perkara kang arep dirembug.
2. Nyiptakake prakara/gagasan kanga rep dirembug ing pikiran.
3. Nulis tembung-tembung kang nggambarake kahanane prakara/ gagasan iku.
(watak, ciri, rupa)
4. Tembung-tembung iku banjur diurutake.
5. Ngembangake tembung-tembung dadi larik-larik ing geguritan kang prasaja.
Larik-larik iku bisa awujud rakitan tembung utawa ukara.
5. Kanggo nambahi endahe geguritan bisa nganggo tembung Kawi sawatara,
tembung entar, tembung garba, tembung mawa seselan er, el, in, um, purwakanthi
lan lelewaning basa.

Sinau nulis geguritan kanggo para siswa bisa migunakake media gambar.

Gambar kang laras karo prakara kang dirembug.

Materi Remedial

a. Imaji

Tembung ing geguritan bisa nuwuhake gegambaran utawa imajinasi (khalayan) wong kang maca utawa ngrungokake. Kanthi wewayangan kasebut kang maca lan ngrungokake bisa melu ngrasakake lan ndeleng sawijining bab utawa kadadean kaya kang dikarepake dening panulis.

Tuladha : kae lho sawangen,

abang putih wis kumlebet ing angkasa

Nalika maca utawa krungu gatra iku, ing wewayangane kang maca utawa kang ngrungokake bisa tuwuh gegambaran gendera merah putih kang dikerek lan kumlebet obah kena angin.

- b.** Lelewaning basa (Majas) yaiku tembung kang digunakake panulis kanggo nyaritakake sawijing bab kanthi cara mbandhingake karo barang utawa tembung liyane.

Lelewaning basa utawa gaya bahasa iku ing basa tulis lumrah digunakake nalika nulis sawijining karya sastra kang ancas tujuwane kanggo makili nglairake rasa pangrasane penulis. Gaya bahasa utawa lelewaning basa iku antarane:

a. Metafora

Metafora yaiku lelewaning basa kang nandhingake rong perkara kang beda kanthi migunakake tembung liya adhedhasar padhane sifat kang diduweni.

Tuladha : 1). Kapilut ayuning si **kembang desa**

Datan emut mring garwa putra

b. Personifikasi

Personifikasi yaiku lelewanin basa kang nggambarake barang-barang mati kaya-kaya urip lan nduweni sipat kaya manungsa.

Tuladha : 1). **Ghodhong-godhong sajak ngawe-awe**

Ngoyak angin nut lakune

2). **Eseme rembulan** tan kuwawa ngilangi sungkawa

c. Perumpamaan

Perumpamaan yaiku gaya bahasa nandhingake rong warna kang beda nanging dianggep padha. Lumrahe migunakake tembung kaya, kadya utawa pindhha. Ing kasusastran Jawa bisa diarani pepindhan.

Tuladha : 1). Rikma cemeng ngembang bakung

2). Pakulitane kang kuning nemu giring.

Materi Pengayaan

Nulis Geguritan

Nulis geguritan ora angel. Nulis geguritan bisa lelandhesan pengalaman uripe dhewe utawa manut rasa pangrasa kang nembe dirasakake. Nalika ati lagi seneng, kasmaran, kapunggel tresna, kuciwa utawa sedhih, bisa minangka inspirasi kanggo nulis geguritan. Pangarep-arep lan panjangka uga bisa dadi inspirasi nulis geguritan. Kang baku bisa mahyakake utawa medharake rasa pangrasa mau kanthi basa lan pilihan tembung-tembung kang laras.

Geguritan mujudake kasusastran kang dumadi saka larik lan pada. Larik lan pada ing geguritan kadhapuk saka tembung-tembung, kelompok tembung utawa ukara kang endah, edi peni lan ngemot teges.

Cara kanggo nggampangake nulis geguritan, yaiku :

1. Nentokake underaning gagasan utawa perkara kang arep dirembug.
2. Nyiptakake prakara/gagasan kanga rep dirembug ing pikiran.
3. Nulis tembung-tembung kang nggambarake kahanane prakara/ gagasan iku.
(watak, ciri, rupa)
4. Tembung-tembung iku banjur diurutake.
5. Ngembangake tembung-tembung dadi larik-larik ing geguritan kang prasaja.
Larik-larik iku bisa awujud rakitan tembung utawa ukara.
5. Kanggo nambahi endahe geguritan bisa nganggo tembung Kawi sawatara, tembung entar, tembung garba, tembung mawa seselan er, el, in, um, purwakanthi lan lelewaning basa.

Sinau nulis geguritan kanggo para siswa bisa migunakake media gambar. Gambar kang laras karo prakara kang dirembug.

C. Alokasi Waktu

8 x 40 menit

D. Metode Pembelajaran

Permodelan, Tanya jawab, diskusi, demonstrasi dan Penugasan

E. Media Pembelajaran

Power Point

F. Kegiatan Pembelajaran

1. Pertemuan Pertama

Sub Topik : Menyimak Geguritan

Bentuk Kegiatan	Kegiatan Pembelajaran	Waktu
1. Kegiatan Pendahuluan Apersepsi Motivasi	<ul style="list-style-type: none">• Guru membuka pelajaran dengan salam, (<i>taqwa</i>)• Guru mengabsen kehadiran peserta didik (<i>disiplin</i>)• Guru menanyakan keadaan peserta didik (siapa yang tidak belajar, dll) (<i>peduli</i>)• Mendorong peserta didik agar selalu aktif dalam diskusi karena selalu diamati. (<i>motifasi</i>)• Guru bertanya jawab dengan peserta didik tentang materi yang akan disampaikan• Peserta didik mencermati dan mencatat tujuan pembelajaran yang disampaikan guru• Peserta didik mencermati dan mencatat manfaat pembelajaran.• Peserta didik mendengarkan strategi pembelajaran dan penilaian	10 Menit
2. Kegiatan Inti	<p>a. Eksplorasi</p> <p>Peserta didik mengamati tayangan atau contoh pembacaan geguritan dengan menerapkan 4 W</p> <p>b. Elaborasi</p> <ul style="list-style-type: none">• Peserta didik berdiskusi kelompok (<i>kerjasama</i>)• Pelaksanaan diskusi <p>Setiap peserta didik bergabung dalam kelompoknya, membahastentang:</p> <ol style="list-style-type: none">a. Mengartikan kata sulit dalam geguritan.b. Menjelaskan isi geguritan.c. Menjelaskan amanat geguritan. <ul style="list-style-type: none">• Guru memantau, membimbing, dan mengarahkan proses diskusi kelompok <p>c. Konfirmasi</p> <ul style="list-style-type: none">• Memberi kesempatan secara bergiliran pada tiap kelompok untuk mempresentasikan hasil diskusi dan kelompok lain diberi kesempatan untuk menanggapi.• Peserta didik mendapat penjelasan dari guru	60 menit

	<p>tentang hasil diskusinya.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Guru memberi apresiasi pada kelompok yang aktif dan menegur kelompok yang kurang aktif. 	
3. Kegiatan Penutup	<p>Penegasan Materi Peserta didik diminta memberikan komentar terhadap kegiatan pembelajaran yang dialami.</p> <p>Kesimpulan Materi -Peserta didik menyimpulkan hasil pembelajaran.</p> <p>Post tes dalam bentuk tulis</p> <p>Penugasan -Peserta didik diberikan tugas mencari isi dan amanat geguritan yang lain di mediamassa atau media elektronik.</p> <p>Menyampaikan materi berikutnya.</p>	

2. Pertemuan Kedua

Sub Topik : Berbicara geguritan

Bentuk Kegiatan	Kegiatan Pembelajaran	Waktu
1. Kegiatan Pendahuluan	<ul style="list-style-type: none"> • Guru membuka pelajaran dengan salam, (santun) • Guru mengabsen kehadiran peserta didik (disiplin) • Guru menanyakan keadaan peserta didik (siapa yang tidak belajar, dll) • Mendorong peserta didik agar selalu aktif dalam diskusi karena selalu diamati. (motifasi) • Peserta didik mendengarkan materi yang akan disampaikan. • Peserta didik mencermati dan mencatat tujuan pembelajaran yang disampaikan guru • Peserta didik mencermati dan mencatat manfaat wacana yang disimak • Peserta didik mendengarkan strategi pembelajaran dan penilaian 	10 menit
2. Kegiatan Inti	<p>Eksplorasi</p> <p>Disajikan sebuah geguritan peserta didik, mengamati dan mencermati setiap kata-kata.</p> <p>Elaborasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik berdiskusi kelompok, (<i>kerjasama</i>) • Pelaksanaan diskusi Peserta didik berkumpul dalam kelompoknya, setiap kelompok <ul style="list-style-type: none"> - Menemukan unsur keindahan dalam geguritan tersaji - Menemukan wangsulan dalam tembang campursari “Wuyung”. • Guru memantau, membimbing, dan mengarahkan proses diskusi kelompok 	60 menit

	<p>Konfirmasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Memberi kesempatan secara bergirilan pada tiap kelompok untuk mempresentasikan hasil diskusi dan kelompok lain diberi kesempatan untuk menanggapi. • Peserta didik mendapat penjelasan dari guru tentang hasil diskusinya. • Guru memberi apersepsi pada kelompok yang aktif dan menegur kelompok yang kurang aktif. 	
3. Kegiatan Penutup	<p>Penegasan Materi Peserta didik diminta memberikan komentar terhadap kegiatan pembelajaran yang dialami.</p> <p>Kesimpulan Materi -Peserta didik menyimpulkan hasil pembelajaran.</p> <p>Post tes dalam bentuk tulis</p> <p>Penugasan -Peserta didik diberi RP</p> <p>Menyampaikan materi berikutnya.</p>	10 menit

3. Pertemuan ketiga

Sub topik : Membaca geguritan

Bentuk Kegiatan	Kegiatan Pembelajaran	Waktu
1. Kegiatan Pendahuluan	<ul style="list-style-type: none"> • Guru membuka pelajaran dengan salam, (santun) • Guru mengabsen kehadiran peserta didik (disiplin) • Guru menanyakan keadaan peserta didik (siapa yang tidak belajar, dll) • Mendorong peserta didik agar selalu aktif dalam diskusi karena selalu diamati. (motifasi) • Peserta didik mendengarkan materi yang akan disampaikan. • Peserta didik mencermati dan mencatat tujuan pembelajaran yang disampaikan guru • Peserta didik mencermati dan mencatat manfaat wacana yang disimak • Peserta didik mendengarkan strategi pembelajaran dan penilaian 	10 menit
2. Kegiatan Inti	<p>a. Eksplorasi</p> <p>Disajikan sebuah geguritan peserta didik, mengamati dan mencermati setiap kata-kata.</p> <p>b. Elaborasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik berdiskusi kelompok (<i>kerjasama</i>) <p>Langkah-langkah diskusi :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Langkah Awal <ul style="list-style-type: none"> a). Peserta didik dibagi kelompok kecil yang beranggotakan 4-5 orang b). Peserta didik dalam kelompok mendapatkan tugas untuk mendiskusikan materi 	60 menit

	<ul style="list-style-type: none"> • Pelaksanaan diskusi Tiap kelompok membahastentang: -Menjelaskan teknik membaca geguritan yang baik. -Membaca geguritan dengan teknik 4W • Guru memantau, membimbing, dan mengarahkan proses diskusi kelompok <p>c. Konfirmasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Memberi kesempatan secara bergiliran pada tiap kelompok untuk mempresentasikan hasil diskusi dan kelompok lain diberi kesempatan untuk menanggapi. • Peserta didik mendapat penjelasan dari guru tentang hasil diskusinya. • Guru memberi apresiasi pada kelompok yang aktif dan menegur kelompok yang kurang aktif. 	
3. Kegiatan Penutup	<p>Penegasan Materi Peserta didik diminta memberikan komentar terhadap kegiatan pembelajaran yang dialami.</p> <p>Kesimpulan Materi -Peserta didik menyimpulkan hasil pembelajaran.</p> <p>Post tes dalam bentuk tulis</p> <p>Penugasan -Peserta didik diberi RP</p> <p>Menyampaikan materi berikutnya.</p>	10 menit

4. Pertemuan keempat Sub topik : Menulis

Bentuk Kegiatan	Kegiatan Pembelajaran	Waktu
1. Kegiatan Pendahuluan	<ul style="list-style-type: none"> • Guru membuka pelajaran dengan salam, (santun) • Guru mengabsen kehadiran peserta didik (disiplin) • Guru menanyakan keadaan peserta didik (siapa yang tidak belajar, dll) • Mendorong peserta didik agar selalu aktif dalam diskusi karena selalu diamati. (motifasi) • Peserta didik mendengarkan materi yang akan disampaikan. • Peserta didik mencermati dan mencatat tujuan pembelajaran yang disampaikan guru • Peserta didik mencermati dan mencatat manfaat wacana yang disimak • Peserta didik mendengarkan strategi pembelajaran dan penilaian 	10 menit
2. Kegiatan Inti	<p>a. Eksplorasi</p> <p>Disajikan gambar peserta didik, mengamati dan mencermati setiap gambar.</p> <p>b. Elaborasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik berdiskusi kelompok (<i>kerjasama</i>) 	60 menit

	<p>Langkah-langkah diskusi :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Langkah Awal <ul style="list-style-type: none"> a). Peserta didik dibagi kelompok kecil yang beranggotakan 4-5 orang b). Peserta didik dalam kelompok mendapatkan tugas untuk mendiskusikan materi • Pelaksanaan diskusi <p>Tiap kelompok mengamati sebuah gambar, kemudian menentukan tema geguritan yang akan ditulis. Memilih dan menyusun kata, sehingga tercipta sebuah geguritan.</p> <p>-Guru memantau, membimbing, dan mengarahkan proses diskusi kelompok</p> <p>c. Konfirmasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Memberi kesempatan secara bergiliran pada tiap kelompok untuk mempresentasikan hasil diskusi dan kelompok lain diberi kesempatan untuk menanggapi. • Peserta didik mendapat penjelasan dari guru tentang hasil diskusinya. • Guru memberi apresiasi pada kelompok yang aktif dan menegur kelompok yang kurang aktif. • 	
3. Kegiatan Penutup	<p>Penegasan Materi Peserta didik diminta memberikan komentar terhadap kegiatan pembelajaran yang dialami.</p> <p>Kesimpulan Materi -Peserta didik menyimpulkan hasil pembelajaran.</p> <p>Post tes dalam bentuk tulis</p> <p>Penugasan -Peserta didik diberi RP</p> <p>Menyampaikan materi berikutnya.</p>	10 menit

G. Penilaian Hasil Belajar

Teknik Penilaian : Tertulis
Bentuk Instrumen : Uraian
Kisi-kisi :

No.	Indikator	Butir Instrument
1.	Siswa dapat mengartikan kata-kata yang ada dalam geguritan.	Soal uraian 1
2.	Siswa dapat menjelaskan tema pokok dalam sebuah geguritan.	Soal uraian 2
3.	Siswa dapat menyebutkan amanat yang terkandung dalam geguritan.	Soal uraian 3
4.	Siswa dapat menyebutkan apa saja 4W itu dan dapat menjelaskan apa itu 4W.	Soal uraian 4
5.	Siswa dapat membuat geguritan.	Soal uraian 5

SOAL

1. Sakwise sliramu nyemak geguritan ing ndhuwur, coba ayo saiki tembung-tembung ing sisih kiwa ngisor iki dijodhokake tegese karo ing sisih tengen murih mengko mbantu anggone ngonceki isining geguritan!

- | | |
|-------------|-------------------|
| 1. genea | a. Kanca |
| 2. subasita | b. marem/bangga |
| 3. muspra | c. Wani |
| 4. mongkog | d. Ngilangke |
| 5. darbe | e. tanpa guna |
| 6. nduwa | f. Sopan santun |
| 7. degsiya | g. Duwe |
| 8. mitra | h. Mbadal/nantang |

2. Apa tema utawa masalah pokok kang dicritakake ing geguritan iku?

Wangsulan:

3. Sebutna amanat utawa pitutur apa wae kang bisa dijupuk saka geguritan “Sekolah”!

Wangsulan:

4. Supaya anggone maca geguritan katon becik kudu nganggo 4W. Sebutna 4 W iku apa wae lan apa tegese!

5. Gawe geguritan iku njejer tembung-tembung sing madhet, kempel, duwe makna. Mula nalika milih tembung kudu cermat, nek perlu ditimbang-timbang endi ta tembung sing dianggep paling cocok, pas, trep manut ide-ne. Tingkatan milih tembung iki diarani....

Pedoman Penilaian:

- Skor maks soal uraian 1 : 40
Skor maks soal uraian 2 : 10
Skor maks soal uraian 3 : 10
Skor maks soal uraian 4 : 10
Skor maks soal uraian 5 : 30

Skor maks : 100

H. Sumber Belajar


1. Buku
Poerwadarminta. 1990. *Bausastra Jawa*.
2. Diktat kelas VIII
3. Media : VCD pembelajaran

Mengetahui

Yogyakarta, 23 September 2016

Guru Mata Pelajaran

Mahasiswa PPL,


Drs. Yuwono Sudiprayitno
NIP. 19660602 200801 1 003


Ria Apriliana
NIM. 13205241032

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Satuan Pendidikan : SMP Negeri 2 Yogyakarta
Kelas/Semester : VIII/2
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Materi Pokok : Tembang Pangkur
Alokasi Waktu : 8 x 40 menit

Standar Kompetensi

1. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata
2. Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret menggunakan, mengurai, merangkai, modifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori

Kompetensi Dasar

- 3.5. Memahami *tembang Macapat Pangkur*
4.5. Melantunkan tembang pangkur

Indikator

1. Menjelaskan tentang tembang macapat
2. Menjelaskan aturan tembang macapat Pangkur.
3. Menjelaskan makna kata sukar dari cakepan tembang macapat Pangkur.
4. Menjelaskan isi tembang Pangkur tersaji
5. Menjelaskan nilai pendidikan tembang Pangkur tersaji.
6. Menemukan ungkapan jawa/paribasan dan bebasan berhubungan dengan isi tembang pangkur.
7. Melantunkan tembang macapat Pangkur secara mandiri.

A. Tujuan Pembelajaran

Pertemuan Pertama:

Setelah pembelajaran selesai peserta didik dapat

1. Menjelaskan tentang tembang macapat dengan tepat (*berani*)
2. Menjelaskan aturan tembang macapat tembang Pangkur (*mandiri*).

Pertemuan Kedua:

Setelah selesai pembelajaran peserta didik dapat

1. Menjelaskan makna kata sukar dari cakepan tembang macapat Pangkur dengan tepat (*teliti, bekerja keras*)
2. Menjelaskan isi tembang Pangkur tersaji dengan benar (*kreatif, teliti*).
3. Menjelaskan nilai pendidikan tembang Pangkur tersaji dengan tepat. (*cermat, bekerja keras*)

Pertemuan Ketiga:

Setelah berdiskusi kelompok melalui mendengarkan tembang macapat peserta didik dapat

1. Menemukan ungkapan jawa/paribasan dan bebasan berhubungan dengan isi tembang pangkur

Pertemuan Keempat:

Setelah selesai pembelajaran peserta didik dapat

- 1. Melantunkan tembang macapat Pangkur dengan tepat (*santun, percayadiri*).

B. Materi Pembelajaran

1. Materi Reguler

Pertemuan Pertama:

Tembang Pangkur kalebu tembang macapat. Ana panemu, tembung macapat saka ma + cepat. Tegese, pamacane rikat, ora alon, ora kakehan cengkok. Ana maneh kang negesi cara jarwa dhosok. Macapat, pamacane papat-papat. Karepe, yen nglagokake pamedhote gatra wiwitan tiba wanda kang angka papat. Adhedhasar lagu gendhing uga dijarwani, macapat wancahan saka mat lan pat. Karepe tembang iku yen dilagokake ing gendhing nganggo wirama (mat) papat-papat, lire saben sawirama isi patang wanda.

Miturut riwayat, tembang macapat iku minangka pralambang uripe manungsa, wiwit lair nganti mati. Manungsa lair ing ngalam donya metu saka guwa garba (MIJIL), nalika isih cilik kudu dituntun utawa dikanthi (KINANTHI), yen wis rumaja (SINOM), duwe rasa tresna marang wong liya (ASMARANDANA). Sing lagi nandang tresna, swasana katon endah lan manis (DHANDHANGGULA). Sawise mengku kulawarga kudu ngerti (GAMBUH) marang prakarane urip. Menawa wis tuwa uripe bakal ngambang (MASKUMAMBANG) mikirake donya lan akherat. Tambah tuwa saya mundur (DURMA) mungkur ing kadonyan (PANGKUR) ngadhepi akherat mula gentur ngibadahe. Sawise mati aateges pegat ruhe (MEGATRUH), banjur dibuntel utawa dipocong (POCUNG) mula banjur diarani menawa tembang macapat iku cacache ana 11. Tembang macapat kaiket ing wewaton aturan kang diarani guru, yaiku:

- a. Guru gatra : cacahing gatra/ larik saben sapada/ bait
- b. Guru wilangan: cacahing wanda (suku kata) saben sagatra
- c. Guru lagu/ dhong-dhing: tibaning swara ing pungkasan gatra

Pertemuan kedua:

Para siswa, tembang Pangkur ing ngisor iki ayo diwaspadakke sinambi rengeng-rengeng nyoba ditembangke!

PANGKUR
slendro pathet 9

1	2	2	2	2	2	32	1.6
Mang-ko-	no	ngel -	mu	kang	nya -	ta	
6	1	2	2	1	6	1	6 6 5 5
sa - nya -	ta -	ne	mung	welh	re -	sep -	ing a - ti
2	5	6	6	6	6	65	6.1
bu - ngah	i -	nga -	ran -	an	cu -	bluk	
	5	2	2	2	2	32	1.6
	su -	keng	tyas	yen	den	i -	na
6	1	1	1	6	6	6	6 6 1 1 1
no -	ra	ka -	ya	si	pung-	gung	ang - gung gu - mrung-gung
5	6	6	6	6	6	61	6.5
u -	gung-an	sa -	di -	na	di -	na	
6	6	6	5	6	1	12	1.65
a -	ja	mang-ko	-	no	wong	u -	rip

PANGKUR
PELOG PATHET 6

3	5	5	5	.	3	3	3	3				
Ming-	kar	ming-	kur-		ing	ang-	ka-	ra				
3	5	5	5̄6	.	1	1	1	2	3	3	2̄1	
A-	ka-	ra-	na		ka-	re-	nan	mar-	di	si-	wi	
5	6	i	i	i	i	1̄2̄	1̄2̄					
Si-	na-	wung	res-	mi-	ning	ki-	dung					
i	6	5	5	5	5	4565						
Si-	nu-	ba	si-	nu-	kar-	ta						
3	5	5	6	.	1	1	1	1	1	212	3	3
Mrih-	kre-	tar-	ta		pa-	kar-	ti-	ning	ngel-	mu	lu-	hung
6	1	1	1	1	1	1	1					
Kang-	tum-	rap	ning	ta-	nah	Ja-	wa					
1	2	3	1	2	3	.	653	21				
A-	ga-	ma	a-	ge-	ming	a-	ji					



1. Mingkar mingkuring angkara,
akarana karenan mardisiwi,
sinawung resmining kidung,
sinuba sinukarta,
mrih kretarta pakartining ngelmu luhung,
kang tumrap neng tanah Jawa,
agama ageming aji.

2. Jinejer neng Wedhatama,
mrih tan kempa kembenganing pambudi,
mangka nadyan tuwa pikun,
yen tan mikani rasa,
yekti sepi asepa lir sepa samun,
samangsane pakumpulan,
gonyak ganyuk nglelingsemi.

(Serat Wedhatama, KGPAA Mangkunagara IV)

Para siswa, kanggo luwih mangerteni isining tembang ayo tembung ing ngisor iki ditegesi kanthi milih tembung ing sisih tengen kang trep!

1	resep	aleman
2	cubluk	ngisin-isini
3	sukeng tyas	sepi banget
4	den ina	pambudidaya, usaha
5	si punggung	tumindak dursila, ora becik
6	gumunggung	mulang anak/ putra
7	ugungan	nyenengake
8	angkara	diala-ala, dielek-elek
9	mardisiwi	kalane

10	ngelmu luhung	ujas-ujus, tumindak tanpa dipikir
11	pambudi	bodho
12	samun	seneng ing ati
13	samangsane	umuk, gumedhe
14	gonyak-ganyuk	bocah bodho/ ora pinter
15	nglelingsemi	ngelmu utama

Pertemuan ketiga

Paribasan lan bebasan

A. Paribasan yaiku unen-unen sing ajeg panganggone ngemu surasa wantah.

Tuladha :

1. Jer basuki mawa bea, tegese supaya katekan kekarepane iku mbutuhake wragad.
2. Satru mungguhing cangklakan, tegese mungsuh sing cerak banget.
3. Ing ngarsa sung tuladha, tegese pemimpin kudu bisa dadi tuladha kanggo andhahane.
4. Rawe-rawe rantas, malang-malang putung, tegese sakabehing kang ngalang-alangi disirnakake.
5. Yitana yuwana, lena kena, tegese sapa kang tumindak ngati-aati bakal slamet.
6. Keplok ora tombok, tegese melu seneng nanging ora gelem melu wragad.
7. Adigang, adigung, adiguna, tegese ngendelake kekuwatane, kaluhurane lan kapinterane.
8. Durung pecus kaselak besus, tegese durung bisa nyambut gawe nanging wis duwe kekarepan utawa pepinginan warna-werna.
9. Mikul dhuwur mendhem jero, tegese anak kang bisa njunjung drajate wong tuwa.
10. Kriwikan daddi grojogan, tegese perkara cilik dadi perkara gedhe.

B. Bebasan, yaiku unen-unen kang ajeg panganggone ngemu surasa pepindhan,

Tuladha :

1. Emban cindhe emban siladan, tegese ora adil.
2. Kebanjiran segara madu, tegese oleh kabegan kang gedhe.
3. Kejugrungan gunung menyan, tegese oleh kabrjan kang ora dinyana-nyana.
4. Kadang konang, tegese sing dianggep sedulur mung sing sugih..
5. Lahang karoban manis, tegese bagus utawa ayu rupane tur becik bebudene.
6. Suduk gunting tatu loro, tegese nindakake pagawean mung sawarno lan kleru kang nemahi kapitunan pirang-pirang utawa warna-werna
7. Dikena iwake aja nganti butheg banyune, tegese apa kang dikarepake utawa disedya bisaa klakon nanging ora gawe gendra.
8. Kerot tanpa untu, tegese duwe panjangka nanging ora duwe srana utawa wragad.
9. Ora uwur ora sembur, tegese ora aweh pawitan pandha lan uga ora aweh pituduh kang prayoga.
10. Nututi layangan pedhot, tegese ngupaya baline baline barang kang ora pengaji, saupama ketemu ora cucuk karo rekasane.

Pertemuan Keempat

GLADHEN NEMBANG

Gladhen nembang? Gampang, mungguhing kang bisa lan wis kulina. Tumrap kang durung nate nyoba, ora perlu tidha-tidha. Ayo nggunakake resep cespleng ing ngisor iki, kari milih, endi kang disenengi, endi kang njalari enggal bisa.

1. Gladhen kanthi N-3 (*Ngrungokake, Nglaras, Nglagokake*)

Ngrungokake iku pakaryan gampang. Mangkonoa nalika ngrungokake kudu *titen, open, sabanjure panen, ngundhuh asile*. Ngrungokake ora waton krungu, nanging ati lan rasa tumemen nggatekake murih “nyanthol” apa kang dirungokake. *Nglaras*, ngeningake apa kang dirungokake. Saupama asiling *ngrungokake* mau direkam, disetel dibolan-baleni, sabanjure dieningake lumantar *nglaras*. Menawa *nglaras* wis rumasuk ing jiwa, nuli nyoba *nlagokake*. Kuncine, wani. Sepisan pindho salah, waton terus greget mbaleni lan ndandani, suwe-suwe dadi. Kanggone para siswa, panyaruwe saka guru pancen perlu. Guru kudu kendel waon, kerep nyela, ngendheg, lan ngritik perangan kang durung pas tembange. Siswa uga kendel takon, wani takon samangsa ana kang durung dhong lan kurang sreg anggone nembang.

2. Gladhen kanthi cara *thinthingan*

Thinthingan ateges ngangkat/njupuk swara (ambil suara) kanthi alat musik pentatonis. *Thinthingan* mbiyantu ngepasake laras lan pathet. *Thinthingan* swara kudu bisa njangkung swara kang paling endhek lan kang paling dhuwur. Yen swara wis kecekel lagi miwiti nempa apa wae. Mung wae, *thinthingan* mung bisa katindakake dening pawongan kang wis paham titilaras. Bedane swara pelog lan slendro kudu cetha, ora worsuh tumpang tindih.

3. Gladhen kanthi cara *grambyangan*

Grambyangan tegese mangerteni dhongdhing tembang. Paham grambyangan bakal nggampangake mangerteni cengkok. Saben cengkok duwe grambyangan dhewe-dhewe. Grambyangan bisa kanthi swara biasa bisa kanthi bantuan gamelan, bonang upamane. Grambyangan bisa nggunakake modhel rengeng-rengeng. Tuladhane, tembang Pocung bisa digrambyang:

*Nanu nanu nano nano nino nunu
Nino nano nana
Nano nano nino nini
Neno nano nana nino nano nina*

Menawa arep lelungan supaya ana dalan ora was sumelang kudu duwe sangu kang cukup, semono uga menawa arep gladhen nembang uga kudu duwe sangu murih bisa nembang kanthi becik. Sangu kasebut ana papat, yaiku:

- (1) Titilaras, slendro utawa pelog minangka garan kanggo mangerteni jenis tembang supaya suwarane ora blero. Menawa titilaras wis digarap kanthi mateng, paham temenan, sanadyan ngadhepi tembang anyar ora bakal kangelan. Titilaras nggampangake nembang apa wae.
- (2) Titiwatara utawa pathet, yaiku menehi batesan suwara kang paling ngisor lan suwara kang paling dhuwur (ambitus) supaya nggampangake ngangkat utawa miwiti suwara. Pathet bakal ngasilake olah suwara kang becik. Kleru mahami pathet, bisa diarani gagal anggone nembang.
- (3) Titiwirama, yaiku anane irama kanthi tuntas, lire kapan kudu ditembangake seru, kapan lirih, kapan nggereng, kapan nyendhal, lan sateruse. Wirama ing olah swara pancen ora pati katon nanging bisa dipahami kepenak utawa ora suwara dirungokake.
- (4) Titirasa, yaiku nguasani dhong-dhing, pedhotan, ngeng, kang nuntun mlebu ing rasane tembang. Tembang iku nggunakake rasa supaya maknane tembang bisa katampa kanthi wutuh. Saben tembang duwe rasa lan watak, mula anggone nembang uga kudu nganggo rasa.

Materi Remedial

GLADHEN NEMBANG

Gladhen nembang? Gampang, mungguhing kang bisa lan wis kulina. Tumrap kang durung nate nyoba, ora perlu tidha-tidha. Ayo nggunakake resep cespleng ing ngisor iki, kari milih, endi kang disenengi, endi kang njalari enggal bisa.

1. Gladhen kanthi N-3 (*Ngrungokake, Nglaras, Nglagokake*)

Ngrungokake iku pakaryan gampang. Mangkonoa nalika ngrungokake kudu *titen, open, sabanjure panen*, ngundhuh asile. Ngrungokake ora waton krungu, nanging ati lan rasa tumemen nggatekake murih “nyanthol” apa kang dirungokake. *Nglaras*, ngeningake apa kang dirungokake. Saupama asiling *ngrungokake* mau direkam, disetel dibolan-baleni, sabanjure dieningake lumantar *nglaras*. Menawa *nglaras* wis rumasuk ing jiwa, nuli nyoba *nlagokake*. Kuncine, wani. Sepisan pindhoh salah, waton terus greget mbaleni lan ndandani, suwe-suwe dadi. Kanggone para siswa, panyaruwe saka guru pancen perlu. Guru kudu kendel waon, kerep nyela, ngendheg, lan ngritik perangan kang durung pas tembange. Siswa uga kendel takon, wani takon samangsa ana kang durung dhong lan kurang sreg anggone nembang.

2. Gladhen kanthi cara *thinthingan*

Thinthingan ateges ngangkat/njupuk swara (ambil suara) kanthi alat musik pentatonis. *Thinthingan* mbiyantu ngepasake laras lan pathet. *Thinthingan* swara kudu bisa njangkung swara kang paling endhek lan kang paling dhuwur. Yen swara wis kecekel lagi miwiti nempa apa wae. Mung wae, *thinthingan* mung bisa katindakake dening pawongan kang wis paham titilaras. Bedane swara pelog lan slendro kudu cetha, ora worsuh tumpang tindih.

3. Gladhen kanthi cara *grambyangan*

Grambyangan tegese mangerteni dhongdhing tembang. Paham grambyangan bakal nggampangake mangerteni cengkok. Saben cengkok duwe grambyangan dhewe-dhewe. Grambyangan bisa kanthi swara biasa bisa kanthi bantuan gamelan, bonang upamane. Grambyangan bisa nggunakake modhel rengeng-rengeng. Tuladhane, tembang Pocung bisa digrambyang:

*Nanu nanu nano nano nino nunu
Nino nano nana
Nano nano nino nini
Neno nano nana nino nano nina*

Menawa arep lelungan supaya ana dalan ora was sumelang kudu duwe sangu kang cukup, semono uga menawa arep gladhen nembang uga kudu duwe sangu murih bisa nembang kanthi becik. Sangu kasebut ana papat, yaiku:

- (1) Titilaras, slendro utawa pelog minangka garan kanggo mangerteni jenis tembang supaya suwarane ora blero. Menawa titilaras wis digarap kanthi mateng, paham temenan, sanadyan ngadhepi tembang anyar ora bakal kangelan. Titilaras nggampangake nembang apa wae.
- (2) Titiwatara utawa pathet, yaiku menehi batesan suwara kang paling ngisor lan suwara kang paling dhuwur (ambitus) supaya nggampangake ngangkat utawa miwiti suwara. Pathet bakal ngasilake olah suwara kang becik. Kleru mahami pathet, bisa diarani gagal anggone nembang.
- (3) Titiwirama, yaiku anane irama kanthi tuntas, lire kapan kudu ditembangake seru, kapan lirih, kapan nggereng, kapan nyendhal, lan sateruse. Wirama ing olah swara pancen ora pati katon nanging bisa dipahami kepenak utawa ora suwara dirungokake.
- (4) Titirasa, yaiku nguasani dhong-dhing, pedhotan, ngeng, kang nuntun mlebu ing rasane tembang. Tembang iku nggunakake rasa supaya maknane tembang bisa

katampa kanthi wutuh. Saben tembang duwe rasa lan watak, mula anggone nembang uga kudu nganggo rasa.

Materi Pengayaan

Para siswa, kanggo luwih mangerteni isining tembang ayo tembung ing ngisor iki ditegesi kanthi milih tembung ing sisih tengen kang trep!

1	resep	aleman
2	cubluk	ngisin-isini
3	sukeng tyas	sepi banget
4	den ina	pambudidaya, usaha
5	si punggung	tumindak dursila, ora becik
6	gumunggung	mulang anak/ putra
7	ugungan	nyenengake
8	angkara	diala-ala, dielek-elek
9	mardisiwi	kalane
10	ngelmu luhung	ujas-ujus, tumindak tanpa dipikir
11	pambudi	bodho
12	samun	seneng ing ati
13	samangsane	umuk, gumedhe
14	gonyak-ganyuk	bocah bodho/ ora pinter
15	nglelingsemi	ngelmu utama

C. Alokasi Waktu

8 x 40 menit

D. Metode Pembelajaran

Permodelan, tanya jawab, diskusi dan penugasan

E. Kegiatan Pembelajaran

1. Pertemuan Pertama

Sub Topik : Menyimak tembang macapat

Bentuk Kegiatan	Kegiatan Pembelajaran	Waktu
1. Kegiatan Pendahuluan Apersepsi Motivasi	<ul style="list-style-type: none"> • Guru membuka pelajaran dengan salam, (<i>taqwa</i>) • Guru mengabsen kehadiran peserta didik (<i>disiplin</i>) • Guru menanyakan keadaan peserta didik (siapa yang tidak belajar, dll) (<i>peduli</i>) • Mendorong peserta didik agar selalu aktif dalam diskusi karena selalu diamati. (<i>motifasi</i>) • Guru bertanya jawab dengan peserta didik tentang tembang macapat. • Peserta didik mencermati dan mencatat tujuan pembelajaran yang disampaikan guru • Peserta didik mencermati dan mencatat manfaat pembelajaran. • Peserta didik mendengarkan strategi pembelajaran dan 	10 Menit

	penilaian	
2. Kegiatan Inti	<p>a. Eksplorasi Peserta didik mengamati tayangan atau contoh tembang pangkur</p> <p>b. Elaborasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik berdiskusi kelompok (<i>kerjasama</i>) <p>Langkah-langkah diskusi :</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Langkah Awal <ul style="list-style-type: none"> a). Peserta didik dibagi kelompok kecil yang beranggotakan 4-5 orang b). Peserta didik dalam kelompok mendapatkan tugas untuk mendiskusikan materi ➤ Pelaksanaan diskusi Setelah mengamati dan menyimak tayangan tembang macapat, peserta didik mendiskusikan: <ul style="list-style-type: none"> - Menjelaskan tentang tembang macapat -Menjelaskan aturan tembang macapat Pangkur <ul style="list-style-type: none"> • Guru memantau, membimbing, dan mengarahkan proses diskusi kelompok <p>c. Konfirmasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Memberi kesempatan secara bergiliran pada tiap kelompok untuk mempresentasikan hasil diskusi dan kelompok lain diberi kesempatan untuk menanggapi. • Peserta didik mendapat penjelasan dari guru tentang hasil diskusinya. • Guru memberi apresiasi pada kelompok yang aktif dan menegur kelompok yang kurang aktif. 	60 menit
3. Kegiatan Penutup	<p>Penegasan Materi Peserta didik diminta memberikan komentar terhadap kegiatan pembelajaran yang dialami.</p> <p>Kesimpulan Materi -Peserta didik menyimpulkan hasil pembelajaran.</p> <p>Post tes dalam bentuk tulis</p> <p>Penugasan -Peserta didik ditugaskan untuk mencari contoh tembang pangkur lain dari sumber lisan atau media cetak/ elektronik. Guru menyampaikan rencana materi pada pertemuan berikutnya.</p>	

2. Pertemuan Kedua

Bentuk Kegiatan	Kegiatan Pembelajaran	Waktu
1. Kegiatan Pendahuluan Apersepsi Motivasi	<ul style="list-style-type: none"> • Guru membuka pelajaran dengan salam, (<i>taqwa</i>) • Guru mengabsen kehadiran peserta didik (<i>disiplin</i>) • Guru menanyakan keadaan peserta didik (siapa yang tidak belajar, dll) (<i>peduli</i>) • Mendorong peserta didik agar selalu aktif dalam diskusi karena selalu diamati. (<i>motifasi</i>) • Guru bertanya jawab dengan peserta didik tentang tembang macapat. • Peserta didik mencermati dan mencatat tujuan pembelajaran yang disampaikan guru • Peserta didik mencermati dan mencatat manfaat pembelajaran. • Peserta didik mendengarkan strategi pembelajaran dan penilaian 	10 Menit
2. Kegiatan Inti	<p>a. Eksplorasi</p> <p>Peserta didik mengamati tayangan atau contoh tembang macapat pangkur.</p> <p>b. Elaborasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik berdiskusi kelompok (<i>kerjasama</i>) <p>Langkah-langkah diskusi :</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Langkah Awal <ul style="list-style-type: none"> a). Peserta didik dibagi kelompok kecil yang beranggotakan 4-5 orang b). Peserta didik dalam kelompok mendapatkan tugas untuk mendiskusikan materi ➤ Pelaksanaan diskusi <p>Setelah mengamati dan menyimak tayangan tembang Pangkur, peserta didik dalam kelompoknya mendiskusikan</p> <ul style="list-style-type: none"> - Mengartikan makna kata sukar dari cakepan tembang macapat Pangkur - Menjelaskan isi tembang Pangkur tersaji. - Menjelaskan nilai pendidikan tembang Pangkur <p>Guru memantau, membimbing, dan mengarahkan proses diskusi kelompok</p> <p>c. Konfirmasi</p> <ul style="list-style-type: none"> • Memberi kesempatan secara bergiliran pada tiap kelompok untuk performance tembang dolanan yang telah dipelajarinya dalam kelompok dan kelompok lain diberi kesempatan untuk menanggapi. • Peserta didik mendapat penjelasan dari guru tentang hasil diskusinya. • Guru memberi apresiasi pada kelompok yang aktif dan menegur kelompok yang kurang aktif. 	60 menit

3. Kegiatan Penutup	<p>Penegasan Materi Peserta didik diminta memberikan komentar terhadap kegiatan pembelajaran yang dialami.</p> <p>Kesimpulan Materi -Peserta didik menyimpulkan hasil pembelajaran.</p> <p>Post tes dalam bentuk tulis</p> <p>Penugasan -Peserta didik diberi PR</p> <p>Guru menyampaikan rencana materi pada pertemuan berikutnya.</p>	
---------------------	---	--

3.Pertemuan ketiga:

Bentuk Kegiatan	Kegiatan Pembelajaran	Waktu
1. Kegiatan Pendahuluan Apersepsi Motivasi	<ul style="list-style-type: none"> • Guru membuka pelajaran dengan salam, (<i>taqwa</i>) • Guru mengabsen kehadiran peserta didik (<i>disiplin</i>) • Guru menanyakan keadaan peserta didik (siapa yang tidak belajar, dll) (<i>peduli</i>) • Mendorong peserta didik agar selalu aktif dalam diskusi karena selalu diamati. (<i>motifasi</i>) • Guru bertanya jawab dengan peserta didik tentang paribasan dan bebasan dalam tembang pangkur. • Peserta didik mencermati dan mencatat tujuan pembelajaran yang disampaikan guru • Peserta didik mencermati dan mencatat manfaat pembelajaran. • Peserta didik mendengarkan strategi pembelajaran dan penilaian 	10 Menit
2. Kegiatan Inti	<p>a. Eksplorasi</p> <ul style="list-style-type: none"> - Peserta didik mengamati tembang pangkur <p>b. Elaborasi</p> <ul style="list-style-type: none"> - Peserta didik berdiskusi kelompok (<i>kerjasama</i>) <p>Pelaksanaan diskusi Peserta didik mendiskusikan untuk menemukan ungkapan jawa/paribasan dan bebasan berhubungan dengan isi tembang pangkur</p> <p>Guru memantau, membimbing, dan mengarahkan proses diskusi kelompok</p> <p>c. Konfirmasi</p> <ul style="list-style-type: none"> - Memberi kesempatan secara bergirilan pada tiap kelompok untuk mempresentasikan hasil diskusi dan kelompok lain diberi kesempatan untuk menanggapi. - Peserta didik mendapat penjelasan dari guru tentang hasil diskusinya. - Guru memberi apersepsi pada kelompok yang aktif dan menegur kelompok yang kurang aktif. 	60 menit

